**O`zbekistan Respublikasi’ Xali’q bilimlemdiriw ministligi**

**A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik
pedagogikali’q instituti’**

**Baslawi’sh ta`lim metodikasi’ kafedrasi’**

**«Baslawi’sh ta`lim ha`m sport ta`rbiyali’q isi»
ta`lim bag`dari’**

**4b-kurs talabasi’**

**Bekniyazova Mehriban Mirmaxsudovnani’n`**

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMI’SI’

**Tema: «Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriwdin` a`hmiyetli ma`seleleri»**

MAK da jaqlawg`a ruxsat berilsin:

| | |
|---|---|
| Fakul`tet dekani’: | doc. U. Seytjanova |
| Kafedra basli’g`i’: | prof. M.Ayi’mbetov |
| Ìlimiy basshi’: | G. Mi’rzabekova |

**No`kis-2014**

**Jaqlawg`a ruxsat yetildi:**

| | |
|---|---|
| Fakul`tet dekani': | doc. U. Seytjanova |
| Kafedra basli'g`i': | prof. M.Ayi'mbetov |
| Ìlimiy basshi': | G.Mi'rzabekova |

**Tema: «Baslawi'sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriwdin` a`hmiyetli ma`seleleri»**

Ma`mleketlik imtixan komissiyasi'ni'n` qarari':

Pitkeriwshi Bekniyazova Mehriban Mirmaxsudovnani'n` pitkeriw qa`nigelik jumi'si'na «___________» bahasi' qoyi'lsi'n

«_____________» 2014-ji'l.

MAK basli'g`i':

MAK ag`zalari':

**Tema: Baslawi'sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriwdin` a`hmiyetli ma`seleleri**

**Jobasi':**

Jumi'sti'n` uli'wma si'patlamasi'

Kirisiw.

I bap. Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'nda milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriwdin` pedagogikali'q a`hmiyeti.

1.1. G`a`rezsizlik ruwhi' tu`sinigi.

1.2. Pedagogikali'q a`debiyatlarda milliy g`a`rezsizlik ta`rbiyasi' haqqi'nda.

II bap. Baslawi'sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriwde ta`rbiya derekleri.

2.1.Mekteptin` tutqan worni'.

2.2. Shan`araq ta`rbiyasi'ni'n` a`hmiyeti.

2.3. Woqi'wshi'larda ma`na`wiy ta`rbiyasi'n qa`liplestiriwde klasstan ti's ta`rbiyali'q jumi'slar

2.4. Ta`rbiya procesinde ma`na`wiy tu`siniklerdi qa`liplestiriw jollari'

III bap. Baslawi'sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriw usi'llari'.

3.1.Woqi'ti'w ha`m ta`rbiya procesinin` birligi.

3.2. Ta`rbiya usi'llari'.

Juwmaq.

Paydalang`an a`debiyatlar.

## Jumi’sti’n` uli’wma si’patlamasi’

**Temani’n` aktualli’g`i’:**

Tema wo`z ishine mazmuni’ boyi’nsha bu`gingi ku`ndegi wog`ada aktual` mashqalalardi’n` biri boli’p tabi’ladi’. Sebebi ha`r qanday baslawi’sh klass woqi’wshi’ wo`z ma`mleketinin` wo`z xalqi’ni’n` qanday mashaqatlar menen g`a`rezsizlik degen tu`sinik wo`z ishine qanday tu`siniklerdi qa`liplestiretug`i’nli’g`i’n bilip, an`lap bari’wi’ tiyis. Sebebi baslawi’sh bilimlendiriwde woqi’wshi’ jas a`wladti’n` sanasi’na milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa’liplestiriw bu`gingi ku`nde wog`ada keshiktirmeytugi’n, za`rurli talaplardan sanaladi’.

A`sirese, milliy g`a`rezsizlik ideologiyasi’ tu`sinigi woqi’wshi’lardi’n` baslawi’sh klass waqi’tlari’nda-aq sana-seziminde, qa`liplesip barsa, wol woqi’wshi’ wo`z ja`miyetin, wo`z xalqi’n, milliy qa`diriyatlari’n, wo`z ma`ha`llesin, shan`arag`i’n qa`dirlep, hu`rmetlep biletug`i’n shaxs si’pati’nda qa`liplese baslaydi’.

**Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ni’n` temasi’**: Bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumi’si’mi’zdi’n` temasi’: «Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriwdin` a`hmiyetli ma`seleleri» dep ataladi’.

**Jumi’sti’n` maqseti ha`m wazi’ypalari’**:

Baslawi’sh bilimlendiriwde woqi’wshi’lar sanasi’nda milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriw, yag`ni’y g`a`rezsizlik ruwhi’nda ta`rbiyalaw – bul milliy ta`rbiyani’n` bir ko`rinisi. Wol aqi’l ta`rbiyasi’, Watandi’ su`yiwshilik ta`rbiyasi’, ekologiyali’q, ekonomikali’q ta`rbiya, a`dep-ikramli’li’q ta`rbiyalari’ menen tikkeley baylani’sli’.

Jumi’sti’n` maqseti ha`m wazi’ypalari’ boyi’nsha baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’nda, uli’wma baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriwden ibarat ha`m woni’n` ja`miyetlik, pedagogikali’q ta`replerin ha`r ta`repleme u`yreniwden ibarat. Atap aytqanda:

- Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriwdin` pedagogikali’q a`hmiyetin sa`wlelendiriw;

- Woqi’wshi’ jaslar sanasi’nda milliy g`a`rezsizlik tu`sinigin payda yetiw;

- Pedagogikali’q ilimiy a`debiyatlardag`i’ milliy g`a`rezsizlik ta`rbiyasi’ haqqi’nda pikirlerdi basshi’li’qqa ali’w;

- Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriwde mekteptin` tutqan worni’n ashi’p beriw;

- Shan`araqti’n` ta`rbiya deregi si’pati’nda xi’zmetine itibar qarati’w;

- Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriwde woqi’ti’w ha`m ta`rbiya procesinin` birligin analizlew;

-Usi’ bag`dardag`i’ ta`rbiya usi’llari’n ha`r ta`repleme analizlew boli’p tabi’ladi’.

**Ìzertlew ob`ekti:** Uli’wma bilim beriwshi worta mekteplerdin` baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’.

**Ìzertlew predmeti:** Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriwdin` ma`seleleri.

**Ìzertlew metodlari’:** Baqlaw, anketa, gu`rrin`lesiw, sa`wbetlesiw, balalar miyneti na`tiyjeleri menen tani’si’w.

**Ta`rbiya usi’llari’:** U`lgi si’pati’nda ko`rsetiw, xoshametlew, jazalaw, aqi’l beriw.

**Ìzertlew na`tiyjelerinin` a`meliy a`hmiyeti:**

Ìzertlew na`tiyjelerinin` a`meliy a`hmiyetliligi boyi’nsha baslawi’sh bilimlendiriw tarawi’ woqi’ti’wshi’lari’na, pedagoglarg`a, ta`rbiyashi’larg`a, metodistlerge pedagogikali’q ha`m metodikali’q bag`darda ja`rdem beriwde u`lken a`hmiyetke iye.

**Jumi’sti’n` du`zilisi:**

Bakalavr bag`dari’ boyi’nsha pitkeriw qa`nigelik jumi’si’mi’z wo`z du`zilisi boyi’nsha I, II, III baplardan turadi’. Baplar wo`z ishinde bo`limlerden ibarat. Jumi’sti’n` son`i’nda mazmuni’nan kelip shi’qqan juwmaqlar menen birge paydalani’lg`an a`debiyatlar diziminen turadi’. Pitkeriw qa`nigelik jumi’sni’n` ko`lemi ja`mi-54 betten ibarat.

# KÌRÌSÌW

1991–ji'li' O`zbekistan G`a`rezsizlik ali'wi' menen usi' ji'llardan baslap Bilimlendiriw tarawi'na ma`mleket ko`leminde itibar berilip, soni'n` na`tiyjesinde bul tarawda ko`plegen wo`zgerisler, jan`alani'wlar, alg`a ilgerilewler ju`zege kelmekte.

2004-2009-ji'llardi'n` mektep bilimlendiriwin rawajlandi'-ri'wdi'n` uli'wma milliy bag`darlamasi'» ni'n` O`zbekistan Respublikasi' Prezidenti Ì.A.Karimov ta`repinen ha`m Ministrler Ken`esinin` bir qansha qararlari' menen belgileniwi «Bilimlendiriw haqqi'ndag`i' Ni'zam», «Kadrlar tayarlawdi'n` milliy bag`darlamasi'» - bulardi'n` tu`p negizinde jas a`wlad ta`lim ta`rbiyasi' na`zerde tuti'lg`an.

Uli'wma ta`lim-ta`rbiya bari'si'nda joqari' na`tiyjelilikke yerisiw ushi'n yen` birinshi na`wbette milliy ta`lim-ta`rbiyag`a itibar beriwde duri's dep yesaplaymi'z. Sebebi ha`r qanday ta`lim-ta`rbiya tu`rlerinin` negizinde milliy ta`rbiya turadi'. Ta`rbiyani'n` qaysi' tu`ri ha`m bag`dari' bolmasi'n, wol milliy ta`rbiya isi menen ti'g`i'z baylani'sli'.

Ta`lim-ta`rbiya islerin sho`lkemlestiriwge jan`asha ko`z-qaraslar arqali' qaraw bu`gingi ku`nnin`, da`wirimizdin` aktual` ma`selelerinen dep yesaplaymi'z.

Sebebi bizin` huqi'qi'y-demokratiyali'q ja`miyetimiz ha`m woni'n` bekkem tami'r uri'p rawajlani'wi' a`lbette ta`lim-ta`rbiya woni'n` na`tiyjeli ali'p bari'w si'yaqli' isleri menen ti'g`i'z baylani'sli'.

Prezidentimiz Ì. A. Karimov: Bilimlendiriwdegi mashqalalar haqqi'nda wo`zinin` shi'g`i'p so`ylewlerinde, ko`p g`ana ilimiy ha`m siyasiy bag`dardag`i' miynetlerinde talqi'lap, ayti'p kelmekte.

Jas a`wladti' milliy ruwxta ta`rbiyalaw boyi'nsha woni'n` O`zbekistan Ilimler Akademiyasi'ni'n` uli'wma ji'ynali'si'nda so`ylegen to`mendegi bayanati'nda: - «Yeger, ekonomikali'q wo`siw, rawajlani'w ja`miyetimizdin` denesi bolsa, ma`naviyat, ma`rifat ha`m siyasiy sana jetikligi woni'n` ruwhi', aqi'li' ha`m jani'. Ulli' ma`mleket, ulli' keleshegimizge yerisiw ushi'n aqi'lli',

sawatli’, wo`zinin` wo`tmishi, ulli’ qa`diriyatlar, milleti menen maqtanatug`i’n ha`m keleshekke isenetug`i’n insanlardi’ ta`rbiyalawi’mi’z kerek»[1] degen yedi.

Jas a`wladti’ soni’n` ishinde baslawi’sh bilimlendiriwde ta`lim ali’p ati’rg`an baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ sanasi’nda milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriw – yen` da`slep, wo`tmishti, milliy qa`diriyatlardi’, wo`zligimizdi, dinimizdi, tilimizdi, u`rp-a`det da`stu`rlerimizdi biliw menen tikkeley baylani’sli’ ma`sele.

Pedagogika iliminde milliy ta`rbiyani’n` yen` basli’ maqseti – bul ha`r ta`repleme bilimdan, sawatli’, ta`rtip-intizamli’, ja`miyetimizdin` alg`a ilgerilewine wo`z u`lesin qosa alatug`i’n ha`m bu`gingi alg`a ilgerilewler menen tendey qa`dem ata alatug`i’n jas a`wladti’ ta`rbiyalaw.

Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ui’mlari’n qa`liplestiriw, wolardi’ milliy qa`diriyatlari’mi’zg`a sa`ykes ta`rbiyalaw, du`n`ya ju`zi bilim wo`lshemi negizinde du`zilgen ma`mleketlik bilim wo`lshemine muwapi’q woqi’ti’w, mag`li’wmatli’ yetiw, woni’n` ni’zamlari’n u`yreniw – bul bizin` pedagogikami’zdi’n` basli’ wazi’ypalari’nan boli’p tabi’ladi’.

Baslawi’sh bilimlendiriwde a`sirese woqi’wshi’ jaslar sanasi’na milliy g`a`rezsizlik ui’mlari’n qa`liplestiriwde watani’mi’zdi’n` yen` ulli’ bayli’qlari’nan biri–woni’n` g`a`rezsizligi, basqalarga jali’ni’shli’ bolmay jasawi’ yekenligi ha`m usi’ g`a`rezsizlikti qa`sterlep, qa`dirlep saqlaw, bekkemlew, wo`z xalqi’n ha`m milletin woqi’wshi’ jaslar woqi’wdag`i’ u`lgili tabi’slari’ menen du`n`yag`a tani’ta ali’wi’, woni’n` sheksiz imkaniyatlari’n na`tiyjeler, yerisken tabi’slari’ arqali’ ko`rsetiwi kerekligin uqti’ri’p bari’w za`ru`r.

G`a`rezsizlik bul pidayi’ insanlardi’ miynetleri arqasi’nda g`ana usi’ da`rejege jetkenligin woqi’wshi’ jaslar sanasi’na a`piwayi’ mi’sallar menen tu`sindirip, ug`i’ndi’ri’p bari’wi’mi’z za`ru`r.

---

[1] Karimov I.A. «Ilmu Fan mamlakat taraqqiyotiga xizmat qilsin»// Ma`rifat gazetasi, 1996 yil, 13-iyul`.

# I BAP. BASLAWI’SH KLASS WOQI’WSHI’LARI’NDA MÌLLÌY G`A`REZSÌZLÌK UG`I’MLARI’N QA`LÌPLESTÌRÌWDÌN` PEDAGOGÌKALI’Q A`HMÌYETÌ

A`dette, ta`rbiya ma`selesi wo`z ishine ko`plegen quramali’ ug`i’mlardi’ ja`mleydi. Ha`r qanday adam, insan balasi’ ta`rbiya na`tiyjesinde belgili shaxs si’pati’nda qa`liplesedi.

Ta`rbiya bul adamni’n` ja`miyettegi, ja`ma`a`ttegi wortali’qtag`i’ worni’n belgileydi.

Al ta`lim ha`m ta`rbiya isi barli’q waqi’tta biri yekinshisin toli’qti’ri’p woti’radi’. Wolar bir - biri menen ti’g`i’z baylani’sli’li’qta ali’p bari’ladi’. Sonli’qtan da Prezidentimiz Ì. A. Karimov: «Ta`limdi ta`rbiyadan, ta`rbiyani’ ta`limnen aji’rati’wg`a bolmaydi’» degen qanatli’, bahali’ pikirin aytqan edi.

Ta`lim-ta`rbiya isi G`a`rezsiz O`zbekistan Respublikasi’ Konstituciyasi’nda ja`miyetti social-ekonomikali’q ruwxi’y ha`m ma`deniy rawajlandi’ri’wdi’n` yen` basli’ tarawi’ dep qaraladi’.

Ta`lim ha`m ta`rbiya isi yerten`gi ku`n ja`miyetimizge paydasi’ tiyetug`i’n, turmi’sti’n` ha`r qi’yli’ salasi’nda wo`z bilimi, adami’yli’q qa`siyeti, miyneti, wo`neri menen wo`zin ko`rsete alatug`i’n insanlardi’ jetilistiriw ma`selelerin wo`z ishine aladi’.

Sonli’qtan da bu`gingi ku`nde respublikami’z xali’q bilimlendiriwinin` basli’ maqsetlerinen biri –jan`a social ekonomikali’q ha`m milliy tikleniw da`wirinde ta`lim-ta`rbiya jumi’slari’n zaman talaplari’na sa`ykes ali’p bari’w boli’p yesaplanadi’.

Baslawi’sh bilimlendiriwde aqi’l ta`rbiyasi’, a`dep-ikramli’li’q, Watandi’ su`yiwshilik, ekonomikali’q, ekologiyali’q ha`m basqa da ta`rbiyalar beriw menen bir qatarda milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriw- bul wo`z aldi’na bir qatar wazi’ypalardi’ ju`kleydi.

Baslawi’sh bilimlendiriwde woqi’wshi’lar woqi’w procesinde tek ta`rbiyali’q tiykarg`a az itibar berip, teoriyali’q bilimlerge itibar berip qoymastan, al ja`miyetimizdegi jan`alani’wlar, buri’li’slar ha`m wo`zgerisler haqqi’nda da xabardar boli’wi’, wolardi’n` sana-seziminin` de ha`r ta`repleme rawajlani’wi’na tiykar boladi’.

Pedagogika ilimi wo`z aldi’na yen` tiykarg`i’ maqset yetip, ta`lim beriw ha`m ta`rbiyalaw bag`darlari’n alatug`i’n bolsa, milliy g`a`rezsizlik ruwhi’nda ta`rbiyalaw ma`selesi basqa ta`rbiya tu`rleri menen ti’g`i’z baylani’sli’qta, bir tutasli’qta ali’p bari’ladi’.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’si’ yen` birinshi na`wbette, milliylik, sonday-aq g`a`rezsizliktin` ne yekenligin, wolar neler menen baylani’sli’ yekenligin, a`piwayi’ mi’sallar negizinde tu`sinip ali’wi’nda woqi’ti’wshi’ pedagog basli’ worayli’q tulg`a boli’p yesaplanadi’.

Woqi’wshi’ sabaqta teoriyali’q ha`m a`meliy wo`zlestiriw menen bir qatarda wo`zinin` qanday ma`mlekette, qanday ja`miyette jasap ati’rg`anli’g`i’nan, wo`zi jasap ati’rg`an wortali’g`i’, qaysi’ millet wa`kili yekenligin biliwi, tu`siniwi kerek.

Si’rttan qarag`anda, joqari’da atap wo`tkenlerimiz a`piwayi’ tu`sinikler bolg`ani’ menen. Wolardi’n` barli’g`i’n woqi’wshi’ jaslar biliwi sha`rt dep yesaplaymi’z.

## 1.1. G`a`rezsizlik ruwhi’ tu`sinigi

Milliy g`a`rezsizlik tu`sinigi wo`z ishine ko`plegen, bir qatar tu`siniklerdi ja`mleydi;

1-territoriyali’q jaqtan g`a`rezsizlik;

2-siyasiy jag`i’nan g`a`rezsizlik;

3-milliy tili;

4-dini;

5-milliy valyuta;

6-ma`mleketlik ni'shanlar – bulardi'n` qatari'n ja`ne de toli'qti'ra beriwimizge boladi'.

Baslawi'sh klass bilimlendiriwinde woqi'wshi'lar wo`zi jasap ati'rg`an ma`mleket haqqi'nda, xalqi', Watan tu`siniginin`, g`a`rezsizlik tu`siniginin` ne yekenligin biliw ushi'n da`slepki mag`li'wmatlardi' wo`z ustazlari'nan aladi'.

Bunda pedagog ta`rbiyashi'lar bekkem pedagogikali'q sheberlikke, bilimge iye boli'wi' kerek dep yesaplaymi'z.

Bul haqqi'nda Prezidentimiz Ì.A.Karimov «Fidokor» gazetasi'ndag`i' sa`wbetinde:

«Ìdeya, ja`miyette jasaytug`i'n adamlardi'n` wo`mirinin` mazmuni', woni'n` umti'li'wlari'n wo`zinde ja`mlestiredi.

Ha`r qanday adam murat – maqsetsiz jasay almaydi', wo`mir, jasaw bar yeken, wolar wo`z rawajlani'w joli'n, yerten`gi ku`nin milliy ideya arqali' belgilep ali'wg`a umi'ti'ladi'.»[2]

Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'na milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'na neler kiretug`i'nli'g`i'n a`piwayi', tu`sinikli so`zler menen, mi'sallar, janli' ko`rgizbeler arqali' jetkerip, ta`riyplep bari'w –bul pedagogikali'q sheberlik arqali' a`melge asi'ri'ladi'.

Bul haqqi'nda ilimpazlar: «Ata-ana, shan`araq ag`zalari', baqsha, mektep, uli'wma ta`lim-ta`rbiya ma`seleleri ha`r bir balani'n` uqi'bi', qi'zi'g`i'wi', qa`biletine, tiykari'nan ka`sip iyelewine juwapker»[3]

Demek, bul ha`r qanday adamni'n` insani'yli'q pazi'yletleri menen baylani'sli' na`rseler woni'n` milliy g`a`rezsizlik ruwhi'nda ta`rbiya ali'wi'nda da belgili a`hmiyetke iye.

Baslawi'sh bilimlendiriwde baslawi'sh klass woqi'wshi'si' «milliy g`a`rezsizlik» degen so`zdin` wo`zine tu`siniwi kerek. Bunda baslawi'sh klass woqi'ti'wshi'si'nan ayri'qsha pedagogikali'q sheberlik, uqi'p talap yetiledi.

---

[2] Karimov I.A. «Donishmand xalqimning mustahkam irodasiga ishonaman»// «Fidokor» gazetasi, 2000 yil, iyun`

[3] Ìbragimova G. Oliy ta`lim tizimida milliy istiqlol g`oyasining shakllanishi. Xalq ta`limi» jurnali, 2002 yil, №1 son, 15-bet.

## 1.2. Pedagogikali’q a`debiyatlarda milliy g`a`rezsizlik ta`rbiyasi’ haqqi’nda

Bu`gingi ku`nde pedaogikali’q bag`dardag`i’ a`debiyatlarda, sabaqli’q, woqi’w qollanba, ilimiy a`debiyatlarda da milliy g`a`rezsizlik ta`rbiyasi’, bul boyi’nsha ug`i’mlarg`a ayri’qsha itibar menen qaralmaqta.

Mi’sali’, baslawi’sh klasslardi’n`, a`sirese, 1-klassti’n` «Ha`riplik» sabaqli’g`i’ni’n` 1-betinde O`zbekistan Respublikasi’ni’n` gerbi, gimni, bayraqlari’ su`wretlengen.

Sabaq bari’si’nda mug`allim wolardi’n` ha`r birine jeke –jeke toqtap, gimndi, namasi’ menen balalar menen birgelikte atqari’wi’, al ma`mleketlik ni’shanlardi’n` bayraqta ha`m gerbte su`wretlengen ha`r bir belginin` yaki ren`nin` bildiretug`i’n ma`nileri boyi’nsha gu`rrin`lesiw wo`tkerip bari’wi’ tiyis.

Woqi’wshi’ wo`zi jasap ati’rg`an ma`mlekettin` qanday ma`mleket yekenligi;

–Prezidentinin` kim yekenligi;

–milliy bayramlar si’pati’nda qaysi’ ku`nlerdin` bayramlani’wi’;

–qaysi’ millet wa`kili yekenligi;

–qaysi’ tilde so`yleytug`i’ni’;

–milliy u`rp-a`det, da`stu`rlerine neler kiretug`i’nli’g`i’n ha`m basqa da sorawlarg`a wo`z tu`sinik, ko`z-qaraslari’ menen juwap bere alatug`i’n da`rejede boli’wi’ kerek.

1991-ji’li’ 1-sentyabr` O`zbekistan Respublikasi’ni’n` G`a`rezsizlik ku`ni ha`m bul ku`nnin` belgili bayram sa`nesi yekenligin baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ jaqsi’ biliwi kerek.

O`zbekistan G`a`rezsizlikke yeriskennen keyin bizin` ma`mleketimiz ushi’n milliy bayramlar yesaplang`an:

1-sentyabr` G`a`rezsizlik ku`ni;

1-oktyabr`- Ustazlar ha`m mug`allimler ku`ni;

8-dekabr`- O`zbekistan Respublikasi’ Konstituciyasi’ ku`ni;

21-mart –Uli’wma xali’qli’q Nawri’z bayrami’;

9-may –Yeslew ha`m qa`dirlew ku`ni;

Baslawi’sh bilimlendiriwde woqi’wshi’lar G`a`rezsizlik tu`siniginde, birinshiden: Watandi’ su`yiwshilik ha`m milliy maqtani’sh sezimlerin jaqsi’ tu`siniwi kerek: Bunda bilim, isenim, Watandi’ su`yiwshilik sezimlerinin` Ì.A.Karimov shi’g`armalari’ndag`i’ sa`wleleniwin woqi’wshi’lar sana-sezimine sin`dirip bari’wi’mi’z kerek.

Yekinshiden: Bilimlilik –bul ruwxi’y jetiskenlik yekenligi de bul g`a`rezsizlik ug`i’mlari’ni’n` bir ko`rinisi.

Bilimlilik, bilim insandi’ jaqsi’ na`rselerge jetekleydi, jaman niyetlerden saqlaydi’, bilimlilik insanni’n` jetilisiwinde, rawajlani’wi’na tiykar boladi’.

Baslawi’sh bilimlendiriwde woqi’wshi’lardi’n` milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’ menen ta`rbiyalani’wi’na, wo`zleri jasap ati’rg`an G`a`rezsiz ma`mlekettin` ha`r ta`repleme rawajlani’wi’ ushi’n ilim-bilim ali’wdi’n` u`zliksizligin, bilimnin` ha`zirgi da`wirdegi a`hmiyetin ha`m tu`p ma`nisin tu`sindirip beriwimiz kerek.

Ko`pshilik pedaogikali’q –metodikali’q a`debiyatlarda G`a`rezsizlik tu`siniginin` tariyxi’y tami’rlari’ ha`m ruwhi’y tiykarlari’ haqqi’nda to`mendegilerdi atap ko`rsetiledi:

«Milliy g`a`rezsizliktin` ruwhi’y talaplari’nan biri xalqi’mi’zdi’n` a`yyemgi ha`m bay tariyxi’ yesaplang`an «Alpami’s», «Qoblan», «Yedige», «Qi’ri’q qi’z» si’yaqli’ awi’zeki do`retpeler, A`mir Temur, Yernazar Alako`z, Allayar Dosnazarov, Aydos biy, Maman bati’r si’yaqli’ milliy qaharmanlar ha`m Xorezmiy, Al - Beruniy, Ìbn Sino, Alisher Nawayi’, Berdaq, A`jiniyaz ha`m t. b. si’yaqli’ dani’shpanlari’mi’zdi’n` pikirleri yen` basli’ derekler boli’p yesaplanadi’.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ wo`z sabaqli’qlari’nda joqari’da ati’ atap wo`tilgen xali’qti’n` ardaqli’ perzentlerinin` su`wretleri berilgen bolsa, soni’n` menen birge wolardi’n` ma`rtlik, yerlik isleri haqqi’nda da`slepki tu`siniklerge iye boli’wi’ kerek.

Birinshiden: baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' milliy g`a`rezsizlik ruwhi'nda ta`rbiyalani'wda beligili tariyxi'y shaxslardi'n` unamli' pazi'yletlerin u`yrenedi ha`m wolarg`a wo`zleri de yelikleydi dep ayta alami'z.

Yekinshiden: wo`z xalqi'ni'n` tariyxi', wo`tmishi, wonda wo`shpes iz qaldi'rg`an adamlari' haqqi'nda bahali' mag`li'wmatlarg`a iye boladi'.

Baslawi'sh bilimlendiriwde woqi'wshi'larg`a milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriwde G`a`rezsizlik da`wirinen baslap, yag`ni'y 1997-ji'l 1-sentyabr`den baslap, a`melge asi'ri'li'p ati'rg`an jumi'slar, yelimizde quri'li'p ati'rg`an biyik ha`m ko`rkem imaratlar, adamlardi'n` awi'zbirshilikli tu`rde shembiliklerge qatnasi'p, bir shan`araq ag`zalari'nday boli'p ja`mlesip miynet yetiwi, wo`zleri mektepte u`yrenip ati'rg`an sabaqli'qlari'nda wo`zgerisler, milliy bayramlardi'n` qaytadan tiklengenligi, woqi'wshi'ni'n` qanday ko`shede, qaysi' ma`ha`llede jasap ati'rg`anli'g`i', qon`si' - qoba, ag`ayi'n - tuwg`anlar, shan`araq ag`zalari' arasi'ndag`i' mehir-miriwbet tu`siniklerin an`i'zlar, ra`wayatlar arqali' sin`dirip bari'w, baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` tu`sinip ali'wna jen`il boladi'.

## 1.2. Pedagogikali'q a`debiyatlarda milliy g`a`rezsizlik ta`rbiyasi' haqqi'nda

G`a`rezsizlik ji'llari'nda baspadan ja`riyalang`an ko`pshilik a`debiyatlarda wo`sip kiyati'rg`an woqi'wshi' jaslarg`a basqa ta`rbiyalar menen birge milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlarn qa`liplestiriw ushi'n G`a`rezsizlik ruwhi' tu`sinigi kiritilgen. Mi'sali': Q .J. Qudayqulov ha`m N. R. Qunduzxanni'n` avtorli'g`i'ndag`i' «Ta`rbiyali'q isler metodikasi'» miynetinde «Klass basshi'si' ha`m ta`rbiyali'q saatlar haqqi'nda uli'wma tu`sinik» dep atalg`an temada a`sirese baslawi'sh bilimlendiriwde to`mendegi tematikani' usi'nadi' yag`ni'y bul, ma`mleket g`a`rezsizligi, woni'n` ma`nisi: ha`m mazmuni', ma`mleket siyasati', ha`m ekonomikasi'ni'n`

mazmuni', shet yeller menen dosli'q baylani'slar, yelshixanalar, isbilermenler arasi'nda baylani'slar wornati'w, du`n`ya ju`zinin` siyasiy waqi'yalari', huqi'q da`rejesi, ti'ni'shli'qti' saqlaw ushi'n gu`res, xalqi'mi'zg`a mehir-muhabbat, sadi'qli'q, yerkinlik, azatli'q tu`sinigine woqi'wshi'lardi'n` ko`z-qaraslari'n da tan`lawdi' duri's dep yesaplaymi'z.

Al J. Hasanbaev ha`m basqalardi'n` birgeliktegi avtorli'g`i'nda: «Pedagogika» woqi'w qollanbasi'nda bolsa, ta`rbiya tu`rlerinen –bir qatari'n ayta kelip, wolardi'n` qatari'na: «Woqi'wshi'lardi'n` milliy g`arezsizlik ideyasi' ha`m ideologiyasi'n ta`rbiyalaw» degen temani' VIII bapti'n` ishinde atap ko`rsetedi. Woni' to`mendegishe toparlarg`a bo`ledi:

1. Ìdeya ha`m ideologiya tu`sinigi;

2. Milliy ideologiyani'n` mazmuni', ma`nisi;

3. Milliy ideologiyami'zdi'n` basli' ideyasi' ha`m tiykarg`i' ideyalar;

4. Ìdeya ha`m ideologiyani'n` insan ha`m ja`miyet turmi'si'ndag`i' worni'[4], dep bo`lip qarasti'radi'.

Baslawi'sh bilimlendiriwde, a`sirese baslawi'sh klass woqi'wshi'si' milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n tu`siniw bari'si'nda birinshi na`wbette, wolarda watandi' su`yiwshilik tuyg`i'si' qa`liplesiwi kerek.

Watandi' su`yiwshilik, seziminin` birlesiwi, na`tiyjesinde belgili faktorg`a aylani'wi', pedagogti'n`, baslawi'sh klass woqi'ti'wshi'si'ni'n` di'qqat worayi'nda boli'wi' kerek.

Bunda baslawi'sh klass woqi'ti'wshi'si':

- wo`z shan`arag`i'n;

-shan`araq ag`zalari'ni'n` kim yekenligin;

-jora-joldas, doslari'n, klasslaslari'n;

-ustazlari'n;

-wo`zine jaqi'n adamlardi';

-yen` jaqi'n ag`ayi'n-tuwg`anlari'n;

---

[4] Hasanbaev J, Sariboev H, Niyozov G. Hasanbaeva O, Usmonboeva M. Pedagogika (O'quv qo'llanma) Toshkent, Fan, 2006, 104-108-bet.

-ma`ha`lleleslerin;

-qon`si'-qobasi'n;

-qon`si'lari'ni'n` qanday millet wa`killeri yekenligin;

-wo`zinin` qaysi' tilde so`yleytug`i'nli'g`i'n;

-qanday milletten yekenligin ha`m usi' si'yaqli' basqa da yen` a`piwayi' tu`siniklerdi seziniwi, biliwi – bul baslawi'sh klass woqi'wshi'si' ushi'n jetiskenlik boli'p sanaladi'.

G`a`rezsizlik alg`an ji'llardan baslap uli'wma bilim beretug`i'n mekteplerde «Milliy g`a`rezsizlik ideyasi'» pa`nin woqi'ti'w jolg`a qoyi'lg`anli'g`i'n atap wo`tiwge boladi'.

Bul bag`darlamada uli'wma woqi'wshi' jaslardi', jas a`wladti', soni'n` ishinde baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n da milliy g`a`rezsizlik ruwhi'nda ta`rbiyalaw boyi'nsha to`mendegishe izbe-izlikte atap wo`tiledi:

1. Ìdeya haqqi'nda tu`sinik;

2. Ìdeologiya;

3. Rawajlani'w ha`m ideologiya;

4. G`a`rezsizlik ha`m ruwhi'yli'q;

5. Watandi' su`yiwshilik ha`m milliy maqtani'sh sezimi;

6. Bilimlilik – ruwhi'y jetiskenlik;

7. Huqi'qi'y ma`deniyat;

8. Ìnsan ha`m ta`biyat;

9. Ìnsani'yli'q pazi'yletler, insandi' su`yiwshilik,

10. Minez-quli'q qadi'yg`alari' ha`m woni'n` milliy tiykarlari';

11. Baylani's ma`deniyati';

12.Dosli'q ha`m joldasli'q[5]

Baslawi'sh bilimlendiriwde, baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' a`sirese ta`rbiyali'q sabaqlari'nda woqi'ti'wshi'lar ta`repinen joqari'da atap wo`tilgen bag`darlardan xabardar boli'wi' talap yetiledi.

---

[5] «Milliy g`a'rezsizlik ideyasi'» temasi' u`yreniw boyi'nsha metodikali'q usi'ni'slar. No`kis, 2004-ji'l.

Sonday-aq ha`r bir adamni'n` ti'ni'shli'qta, tati'wli'qta, abadan turmi'sta jasap ati'rg`anli'g`i'ni'n` basli' deregi – milliy g`a`rezsizligimz benen baylani'sli'li'g`i'n biliwi u`lken pedagogikali'q a`hmiyetke iye.

Demek, baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'na mektepte. Mektepten ti's bos waqi'tlarda mazmunli', ta`lim ha`m ta`rbiya beriw isleri sol baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' adi'ndag`i' pedagogikali'q wazi'ypalari'nan sanaladi'.

# II BAP. BASLAWI’SH BÌLÌMLENDÌRÌWDE MÌLLÌY G`A`REZSÌZLÌK UG`I’MLARI’N QA`LÌPLESTÌRÌWDE TA`RBÌYA DEREKLERÌ

Baslawi’sh bilimlendiriwdegi yen` basli’ ta`rbiya deregi – bul ma`ha`lle, shan`araq, mektep, wortali’q ha`m t.b. Solardan mektep ha`m shan`araq bul ishki ma`nisindegi ta`lim-ta`rbiya worayi’.

Bul yeki u`lken tulg`a bir-biri menen ti’g`i’z baylani’sli’li’qta bolg`an jag`dayda yen` jaqsi’ na`tiyjelerge yerisiyage boladi’ dep yesaplaymi’z.

Ha`r bir ata-ana wo`z balasi’ni’n` keleshegi, yerten`i ushi’n jan ashi’ti’p, kewil bo`lgende g`ana, woni’n` bilim ali’wi’, ta`rbiyalani’wi’ ushi’n qolayli’ sha`rayatlar jarati’p, pa`klikke, hadalli’qqa ta`rbiyalang`anda g`ana jaqsi’ insanlar boli’p jetilisedi.

Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriwde mekteptin`, mektepte wo`tiletug`i’n klass ta`rbiya saatlari’ni’n` worni’ salmaqli’.

## 2.1.Mekteptin` tutqan orni’

Baslawi’sh bilimlendiriwde woqi’wshi’ wo`z waqti’ni’n` belgili bo`legin uli’wma bilim beriw mektebinde sabaqlarda wo`tkeredi.

Mektepte woqi’wshi’lar tek teoriyali’q bilimlerdi ali’p qoymastan, wolardi’n` ha`r bir ku`ni, ha`r bir minuti’ ta`rbiyali’q derekler menen bayi’p bari’wi’ mu`mkin.

Mektep – shi’n ma`nisindegi ta`lim-ta`rbiya woshag`i’, deregi dewge boladi’. Wo`zim ma`mleketlik pedagogikali’q a`meliyatti’ wo`tegen mektepte 8-dekabr` Konstituciya ku`nine to`mendegishe ta`rtipte ta`rbiyali’q saat wo`ttim.

**Ta`rbiyali’q saat temasi’:** «8-dekabr` O`zbekistan Respublikasi’ Konstituciya ku`ni»

**Sabaqti'n` maqseti:**

a) Ana jurtqa, Konstituciyag`a muhabbatti' woyati'w, baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'nda milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriw;

b) Baslawi'sh bilimlendiriwde woqi'wshi'lardi'n` Konstituciya haqqi'ndag`i' bilimlerin bekkemlew, Konstituciya stat`yalari' menen tani'sti'ri'w.

**Sabaq bari'si':**

Sa`wbetlesiw sabag`i'nda klassta woqi'wshi'lardi'n` barli'g`i' wo`z wori'nlari'nan turi'p, partani'n` shetlewine shi'g`i'p, qollari'n ko`ksine qoyi'p, ma`mleketlik gimndi namag`a sali'p ayti'ladi'.

**Baslawi'sh klass woqi'ti'wshi'si'**: Woqi'wshi'lar, Konstituciya bul ha`m bir ma`mlekettin` ni'zami'. Bizin` G`a`rezsiz Respublikami'z O`zbekistan wo`z Konstituciyasi'na iye. Yelimiz Konstituciyani' qabi'llag`an ku`n 8-dekabr` ku`ni biz ushi'n muqaddes tariyxi'y ku`n boli'p qaladi'.

Konstituciya ma`mleketimizdin` G`a`rezsizliginin` simvoli' yekenliginin` belgisi. Xali'qti'n` azat ha`m yerkin yekenliginin` belgisi. Konstituciyada insanni'n` wo`miri, yerki, qa`dir-qi'mbati', huqi'qlari', minnetleri, muqaddes, qa`dirli dep sanali'p, wolar huqi'qi'y jaqtan kepillikke iye.

Woqi'wshi'lar menen birgelikte Konstituciyadag`i' ayi'ri'm stat`yalardi' yadqa tu`sirip o`teyik.

***1 woqi'wshi'***: 1-stat`yada O`zbekistan – G`a`rezsiz Respublika delingen.

***2-woqi'wshi'***: 4-stat`yada O`zbekistan Respublikasi'ni'n` Ma`mleketlik tili wo`zbek tili delingen.

***3-woqi'wshi'***: 5-stat`yada O`zbekistan Respublikasi'ni'n` Ni'zam menen tasti'yi'qlang`an wo`z ma`mleketlik ni'shanlari': bayraq, gerb, gimnine iye.

***4-oqi'wshi'***: Shan`araq kodeksinin` 65-stat`yasi'nda ha`r bir bala shan`araqta jasaw ha`m ta`rbiyalani'w, wo`z ata-anasi'n biliw, wolardi'n` g`amqorli'g`i'nan paydalani'w, wolar menen birge jasaw huqi'qi'na iye.

***5-woqi'wshi'***: 69-stat`yada Bala ism, atasi'ni'n` ismi, familiyasi'n ali'w huqi'qi'na iye. Balag`a ism ata-anani'n` kelisiwine qaray qoyi'ladi'.

***6-woqi’wshi’***: 68-stat`yada Bala wo`z pikirin ayti’w huqi’qi’na iye. Shan`araqta bala ma`plerine baylani’sli’ ha`r qanday ma`sele sheshilgende bala wo`z pikirin ayti’wg`a haqi’li’.

***7-woqi’wshi’***: 31-stat`yada Ha`mme ushi’n hu`jdan yerkinligi kepillikke iye. Ha`r bir insan wo`z qa`legen dinine iseniwge haqi’li’.

Diniy qa`diriyatlar ma`jbu`rlep sin`dirilmeydi.

**Woqi’ti’wshi’:** Duri’s balalar. Prezidentimiz pa`rmani’ menen Ramazan ha`m Qurban hayt ku`nlerinin` birinshi ku`ni dem ali’s ku`ni dep dag`azalandi’.

31-stat`yada–«Ha`r bir adam bilim ali’w huqi’qi’na iye»–dep ko`rsetilgen. Biypul uli’wma bilim ali’w ma`mleketimiz ta`repinen kepillikke iye.

Hu`rmetli woqi’wshi’lar: Bizin` ma`mleketimiz wo`z Konstituciyasi’na, gerbine, bayrag`i’na, gimnine, milliy valyutasi’na, milliy shegarami’zg`a ha`m milliy u`rp-a`detlerimizge iyemiz.

Biz G`a`rezsiz O`zbekistan perzentlerimiz.

Bul sa`wbetlesiw sabag`i’na aldi’n-ala tayarli’qlar ko`rip, woqi’wshi’larg`a stat`yalardi’ yadlati’p, tani’sti’ri’ladi’.

Ata-analar, ma`ha`lle aqsaqallari’ qatnasti’. Wo`z gezeginde wolar da G`a`rezsizliktin` ulli’ qa`diriyat yekenligin, woqi’wshi’lardi’n` bu`gingi abadan, ti’ni’sh, yerkin zamanni’n` qa`dir-qi’mbati’na jetip sabaqlardan jaqsi’ ha`m ayri’qsha bahalarg`a woqi’w kerekligin, janli’ mi’salar menen tu`sindirip bardi’.

Shan`araqta duri’s ta`rtip, intizam bolg`anda g`ana, sol shan`araq woqi’wshi’si’ ta`rtipli, intizamli’, milliy g`a`rezsilik tu`sinigine juwapkershilikli ko`z-qarasta qaray alatug`i’n insanlar si’pati’nda ka`malatqa keledi.

Joqari’dag`i’ si’yaqli’ atap wo`tilgen ta`rbiyali’q saatlarda ha`r qanday pedagog to`mendegilerge itibar beriwi kerek:

– Ta`rbiya saatlari’na ata-analardi’n` qatnasi’wi’na yerisiw;

– Ta`rbiyali’q bag`dardag`i’ is-ilajg`a puxta tayarli’q;

– Woqi’wshi’lardi’n` belsendiligin artti’ri’w;

– Joqari’ da`rejedegi pedagogikali’q sho`lkemlestiriwshilik.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’n milliy g`a`rezsizlik ruwhi’nda ta`rbiyalawda mektepte pedagoglardi’n`, a`sirese klass basshi’lari’ni’n` roli ayri’qsha.

Bilimlendiriw tarawi’nda ha`r ji’lda tu`rli atama menen ataw da`stu`rge aylang`an. Mi’sali’, «2007-2008-wokya ji’li’ bilimlendiriw mekemlerinde ekonomikali’q bilim ha`m finansli’q sawatli’li’q na`tiyjeliligin asi’ri’w woqi’w ji’li’» dep belgileniwi mektep ha`m shan`araq baylani’si’n yele bekkemlew ushi’n bag`dar boladi’ dep yesaplawg`a boladi’.

Bul boyi’nsha mektepte klass basshi’lari’ ha`m ata-analardi’n` baylani’si’n, woqi’wshi’lardi’ ta`rbiyalawda birge islesiwin yele de jaqsi’law maqsetinde arnawli’ qollanbalar shi’qqanli’g`i’n atap wo`tiw wori’nli’. Mi’sali’: N. Zaynitdinov, M. Zaynitdinovalar[6] ta`repinen du`zilgen qollanbada baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriwde bir qatar jol-jobalar ko`rsetilgen.

Qollanbani’n` 1-betinde: O`zbekistan Respublikasi’ni’n` bayrag`i’ su`wretlenip, wol boyi’nsha qi’sqasha tu`sinikler, ta`riypler berilgen. O`zbekistan Respublikasi’ Ma`mleketlik gimni (so`zi A. Aripov ha`m namasi’ M. Burxanov ta`repinen jazi’lg`anli’g`i’ ko`rsetilip) gimn teksti berilgen.

Qollanbani’n` keyingi betlerinde klass basshi’si’ni’n` woqi’wshi’lar menen islesiwdegi ta`rbiya tu`rlerin ko`rsetiw menen birlikte woni’n` XI-XII bo`limleri: to`mendegishe ataladi’:

XI. Milliy ideyani’ sin`diriw ha`m ideyali’q immunitetti qa`liplestiriw boyi’nsha wori’nlanatug`i’n islerge arnawli’ bet aji’rati’lg`an.

---

6 Zaynitdinov N.Zaynitdinova M. Sinf rahbarining tarbiyaviy ishlar daftari. Toshkent, 2007 yil.

XII Shan`araq ha`m ma`ha`lle menen birgelikte wori’nlanatug`i’n jumi’slar.

Sonday-aq qollanbani’n` 42-43-betlerinde «Ata-analar komiteti haqqi’nda mag`li’wmat» ata-analar menen ali’p bari’latug`i’n isler ha`m klassta ata-analar ji’ynali’si’ni’n` is qag`azi’ (protokoli’n) tolti’ri’w ushi’n bet aji’rati’lg`an.

Yen` a`hmiyetlisi, baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriw ushi’n 1-2-3-4-klasslar ushi’n ha`r bir klassqa arnawli’ ta`lim-ta`rbiyali’q bag`dardag`i’ saatlar ushi’n temalar ko`rsetilgen. Wolardan ayi’ri’mlari’n mi’sal retinde ko`rsetetug`i’n bolsaq, 1-klass woqi’wshi’lari’ ushi’n to`mendegi temalar usi’ni’lg`an:

1.Watan mehri;

2. Woqi’wshi’lar qag`i’ydasi’n u`yrenemiz;

3. Qalami’z (awi’li’mi’z) ko`rki;

4. Ruwhi’y pazi’yletler;

5. Milletler bayrami’;

6. O`zbekistan Respublikasi’ Ma`mleketlik bayrag`i’n u`yrenemiz;

7. O`zbekistan Respublikasi’ Ma`mleketlik gerbi;

8. O`zbekistan Respublikasi’ Ma`mleketlik gimni;

9. Baxti’mi’z –Konstituciya;

10. Ana –tilim;

11. Saw denede – sap aqi’l;

12. Sa`lemlesiw a`debi;

13. Milliy u`rp-a`detlerimz haqqi’nda;

14. Yeslew ha`m qa`dirlew – minnetimiz.

Bunnan ti’sqari’ O`zbekistan Respublikasi’ Konstituciyasi’na kirgizilgen milliy bayram ku`nlerin belgilew  wo`z aldi’na ta`rbiyali’q sabaq temasi’ si’pati’nda berilgen.

## 2.2. Shan`araq ta`rbiyasi'ni'n` a`hmiyeti

Shan`araq – bul u`lken ta`rbiya deregi. Sebebi ha`r qanday adam balasi' yen` da`slep shan`araqta tuwi'ladi', ka`malg`a keledi, ta`rbiya aladi', pu`tkil sanali' adam wo`miri shan`araq penen baylani'sli'.

Ha`r qanday ata-ana baslawi'sh klasslarda bilim ali'p ati'rg`an ul-qi'zlari'ni'n` tek bilimine yemes, al ta`rbiyasi'na da itibar qarati'wi' kerek. Bul boyi'nsha pedagogikali'q ilimiy a`debiyatlarda da ilimpazlar to`mendegishe pikir bildiredi:

«Milliy g`a`rezsizlik sha`rayati'nda shan`araqta bala ta`rbiyasi'na bolg`an itibar a`dewir ku`sheydi. Sebebi, ja`miyet aqi'li'y jaqtan jetik, den-sawli'g`i' jag`i'nan sap deneli, ruwhi'y bay a`wladti' ta`rbiyalawdan ma`pdar. Bunday a`wlad yen` aldi' buri'n ruwhi'y a`dep-ikramli'li'q jag`i'nan saw ha`m bekkem shan`araqta qa`liplesedi. Sebebi shan`araqti' rawajlandi'ri'w ha`m bekkemlew ushi'n g`amxorli'q keleshek a`wlad ta`g`diri menen baylani'sli'».[7]

Haqi'yqati'nda da woqi'wshi'g`a shan`araqta da, mektepte de qatan` itibar beriliwi kerek. Bul ushi'n birinshi na`wbette sol baslawi'sh klass woqi'wshi'si'ni'n` ta`rbiyalani'p ati'rg`an shan`arag`i' da, baslawi'sh klass mug`alliminin` di'qqat itibari'nda boli'wi' kerek.

Woni'n` qanday wortali'qta wo`sip ati'rg`anli'g`i', ata-anasi'ni'n` bilim da`rejesi, balasi'na itibari', wo`z ul-qi'zi'n a`dep-ikramli', ashi'q kewilli mu`na`sibette boli'wi', minez-qulqi', qi'zi'g`i'wlari', sportqa bolg`an ko`z-qarasi', doslari'na bolg`an awi'zbirshilik qatnaslari' tag`i' basqa da adamgershilik pazi'yletler a`lbette shan`araqta qa`liplesip ha`m mektepte klassta rawajlani'p bari'wi' dep bahalawg`a boladi'.

Shan`araqta bala ta`rbiyasi'na itibarli'li'q mektepte klass woqi'wshi'lari'ni'n` ata-analar menen birge sa`wbetlesiwi bari'si'nda yamasa jazba tu`rdegi pikir ali'si'wlarda da ma`lim boladi'. Sebebi barli'q ata-ana

[7] Inamova M. Oilada bolalarning ma`naviy ahloqiy tarbiyasi. Toshkent, 1999 y, 5-bet.

bala ta`rbiyasi’ ushi’n ten`dey bas qati’radi’ yamasa balalari’n yekinshi da`rejede, al jumi’si’n, lawazi’mi’n birinshi da`rejege qoyi’wi’ mu`mkin.

Al geypara ata-analar balalari’ni’n` bilim ali’w ha`m duri’s ta`rbiyalani’wi’na qatan` juwapkershilikli qatnasta boladi’.

Baslawi’sh bilimlendiriwde usi’ jastag`i’ balalar ushi’n wo`zlerine biriktirilgen klasslarda baslawi’sh klass woqi’ti’wshi’lari’ klass basshi’li’q xi’zmetti atqaradi’.

Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’na ta`rbiyalawda wolardi’n` awi’zbirshiligin bekkemlewde, dosli’qqa ta`rbiyalawda, a`sirese klass woqi’wshi’lari’ni’n` birgelikte ali’p baratug`i’n ha`r qi’yli’ bayramlarda wo`tkeriletug`i’n is-ilajlari’ yamasa ha`r qi’yli’ shembiliklerge qatnasi’nda da ma`lim boladi’. Bunda baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ tek dosli’qqa, insani’yli’q pazi’yletlerge u`yrenip qoymastan, birgelikte, awi’zbirshilikli miynet yetiwge, ko`pshilik penen islengen is na`tiyjeli bolatug`i’nli’g`i’n tu`sinip jetedi.

Baslawi’sh bilimlendiriwde woqi’wshi’larg`a milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n engiziwde yen` da`slep wolarda Watandi’ su`yiwshilik sezimin qa`liplestiriw, wolardi’ haqi’yqi’y pidayi’ insanlar yetip ta`rbiyalawda shan`araqti’n`, mekteptin` de u`lesi salmaqli’ boli’wi’ kerek dep yesaplaymi’z. Sebebi watandi’ su`yiwshilik sezimi tuwi’lg`an yeli, shan`araqti’, ata-anani’ su`yiw, hu`rmetlewden baslanadi’.

Insan ushi’n yen` joqari’ sezim, yen` joqari’ pazi’ylet – bul a`lbette, watan sezimi.

Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’nan biri Watan tu`sinigin an`lati’wda ata-ana da, ustazlari’ da to`mendegilerge itibar qarati’wi’ kerek.

– Ata-anasi’ haqqi’nda;

– Shan`araq haqqi’nda;

– Doslari’;

– Ma`ha`llelesleri;

– Bir ko`shede jasaytug`i'n qon`si'lari';

– Jaqi'n ag`ayinleri.

Ha`r bir ata-ana ha`m ustaz pedagog woqi'wshi'g`a wo`z watani' degende woni'n` wo`sip u`lkeyip ati'rg`an shan`arag`i', bilim ali'p ati'rg`an mektebi, jasap turg`an ma`ha`llesi, watani' si'yaqli' ug`i'mlardi' tu`sindirip bari'wi' kerek.

A`lbette baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'na bul tu`sinikler a`piwayi' so`z arqali' tu`sindirilse, wolar ushi'n zerigerli boladi'. Sonli'qtan ko`binese, ata-analar ji'ynali'si'nda woqi'wshi'lar ta`repinen tayarlang`an saxnali'q ko`rinislerde yamasa baslayai'sh klasslar arasi'nda wotkeriletugi'n kitapqumarlar yamasa sport mazmuni'ndag`i' jari'slar ha`r qi'yli' bayram sa`neleri, ku`nlerinde ata-analar mira`t yetilse, woqi'wshi'lar da wo`zlerine bo`listirilgen wazi'ypalari'na di'qqat penen qaraydi'.

Baslawi'sh bilimlendiriwde woqi'wshi'lardi' milliy ha`m uli'wma insani'y qa`diriyatlar ruwhi'nda ta`rbiyalawda bay ma`deniy miyraslari'mi'z, milliy a`dep-ikramli'li'q normalarni' ha`m miynetke unamli' ko`z-qaras mu`na`sibetlerine ta`rbiyalawda ata-analardi'n` da, pedagoglardi'n` da talapshan`li'g`i' basi'm boli'wi' kerek.

Shan`araqta ata-analar baslawi'sh klasslarda bilim alatug`i'n balalari' ushi'n jumi'stan ti'sqari' waqi'tlari' waqi't aji'rati'p, ta`biyatqa, muzeylerge, tariyxi'y wori'nlarg`a sonday-aq bayram, ag`ayinlerinin`, jaqi'nlari'ni'n` tuwi'lg`an ku`n yamasa basqa da quwani'shli' ma`resimlerinde wolardi' da ali'p bari'wi' u`lken a`hmiyetke iye.

Sebebi woqi'wshi' sabaq payi'ti'nda klassta bunday tariyxi'y wori'nlardi' tek sabaqli'qlarda g`ana su`wretin ko`rip, si'rttan tani's bolsa, al wo`z ko`zi menen ko`riwi wolarda basqasha qi'zi'g`i'wshi'li'q, su`yispenshilik, milliy qa`diriyatlarg`a joqari' hu`rmet sezimlerin woyatadi'.

Al mektepte baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' ha`r qanday is ilajlardi' wo`tkeriwde wo`z imkaniyatlari'nan kelip shi'g`i'p, woqi'wshi'lardi' milliylik haqqi'nda xabardar yetiwi kerek.

Atap aytqanda:

– milliy tili;

–milliy kiyimler;

–xali'qti'n` milliy u`rp-a`detleri;

– milliy bayli'qlari';

–tariyxi'y wori'nlar;

Shan`araqti'n` ta`rbiyali'q imkaniyatlari' ken`. Sonli'qtan baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'nda milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriwde shan`araqta xali'q pedagogikasi'ni'n` bay ta`rbiya qurallari'nan paydalani'w kerek.

Al mektep ta`lim ham ta`rbiya worayi' boli'p, shan`araqta ata-analar, shan`araq ag`zalari' ta`repinen ta`rbiya tu`rleri bilim menen birlikte rawajlani'p, toli'qti'ri'li'p bari'ladi'.

Milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriwde ata-analar ha`m pedagoglar mektep ja`ma`a`ti arasi'nda ti'g`i'z pedagogikali'q bag`darda qari'm-qatnas wornati'li'wi' kerek.

## 2.3. Woqi'wshi'larda ma`na`wiy ta`rbiyasi'n qa`liplestiriwde klasstan ti's ta`rbiyali'q jumi'slar

Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` ma`na`wiy ta`rbiyasi'nda sabaq processinde ta`rbiya tu`rlerinen paydalani'wg`a qarag`anda klasstan ti's ta`rbiyali'q jumi'slardi'n` a`hmiyeti wog`ada u`lken. Bunda a`sirese klasstan ti's bos waqi'tlari'ni'n` mazmunli', itibarli' wo`tiwine de wo`z ta`sirin tiygizedi. Mi'sali', xali'q awi'zeki do`retiwshiliginde balani'n` adamlarg`a ja`rdemlesiwi, basqani'n` qayg`i'si'n bo`lise ali'wi' ruwxi'nda ta`rbiyalawdi'n` bar yekenligin ko`remiz. Bizge ma`lim bolg`ani'nday, baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n ma`na`wiy ta`rbiyasi'n wo`siriwde muzi'ka ha`m qosi'q belgili wori'ndi' iyeleydi. Yeger balani'n` u`yde bos waqti'n mazmunli' wo`tkeriwdi niyet yetse, ko`pshilik ta`jiriybeli ata-analar baslawi'sh

klassta woqi’ytug`i’n ul-qi’zlari’n «jas ha`weskerler» do`geregine, saz u`yreniw do`geregine qatnasti’radi’. Al baslawi’sh klass woqi’wshi’si’:

- mektepten klasstan ti’s wortali’qta da belgili a`dep-ikramli’q pazi’yletlerin u`yrenedi;

- wo`z qatarlari’ menen si’ylasi’qli’, hu`rmet-izzetli qari’m-qatnasta boli’wg`a u`yrenedi;

- wo`ner u`yrenedi ha`m tag`i’ basqa.

Bos waqti’ biykarg`a wo`tpeydi.

Wo`z gezeginde ko`rkem wo`nerge, do`retiwshilikke, sazg`a, qosi’qqa i’qlas qoyg`an woqi’wshi’dan hesh waqi’tta jaman woqi’wshi’, jaman adam shi’qpaydi’.

Demek, baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` ma`na`wiy ta`rbiyasi’n qa`liplestiriw belgili da`rejede klasstan ti’s isler menen baylani’sli’. Adamlar a`zel-a`zelden–aq jas a`wladti’ a`dep–ikramli’q qag`i’ydalari’na u`yretip barg`an. Bul arqali’ bala qa`lbinde go`zzalli’q, jaqsi’li’q, jamanli’q haqqi’nda pikirlerdi yerte da`wirlerden-aq sin`dirip barg`an. Bunda a`lbette ata-anani’n`, woqi’ti’wshi’ni’n`, klasstan ti’s ta`rbiyali’q jumi’slardi’ ali’p baratug`i’n do`gerek basshi’lari’ metodislerdin` a`debi de u`lgi boli’wi’ arqali’ ku`shli ta`sir ko`rsetedi.

A`dep - neden baslanadi’? - degen sorawdi’ha`r bir ata-ana ha`m woqi’ti’wshi’ yen` da`slep wo`z aldi’na ko`ldenen` qoyi’wi’ kerek.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’si’ni’n` ma`na`wiy ta`rbiyasi’qorshag`an a`tirapqa da baylani’sli’. Mi’sali’, geybir shan`araqlarda da`sturxan a`tirapi’nda ji’ynali’p woti’rg`anda bala tek g`ana a`kesi yamasa anasi’ menen so`ylesedi.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ ko`binese wo`z mug`alliminen u`lgi aladi’. Wolar ju`ris- turi’si’na, so`ylew sheberligine, kiyiniwine, adamlar menen qari’m–qatnasi’na yeliklep, wo`zlerinin` ustazlari’ni’n` is-ha`reketlerin islegisi keledi.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ klasstan ti’s is-ilajlarda, do`gereklerde wolar arqali’ jan`a bilimge, tu`sinikke iye boladi’. Mi’sali’, baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ ushi’n jas wo`zgesheligine sa`ykes qurasti’ri’w, du`zetiw, su`wret sali’w, muzi’ka ti’n`law ha`m tag`i’basqa is-ha`reketlerinin` tu`rleri balani’ a`dep-ikramli’li’qqa ta`rbiyalaw menen birge aqi’l-woy, fantaziyasi’ni’n` rawajlani’wi’na, ha`r bir balani’n` jeke qa`siyetlerinin` ashi’li’wi’na ja`rdem beredi. Sebebi baslawi’sh klass woqi’wshi’si’ ha`r dayi’m jan`a bilim ali’p bari’si’ menen qatar woni’ buri’nda alg`an bilimleri menen baylani’sti’ri’p bari’wi’ kerek.

Ma`na`wiy ta`rbiyada yen` ko`zge ko`rinetug`i’n na`rse: baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` wo`zin uslap tuti’wi’, yerkin, biyma`lel qari’m-qatnasi’ ha`m so`ylesiwi ko`rsetedi.

Klasstan ti’s islerde a`sirese bayram ilajlari’nda do`gerek basshi’lari’ a`dep–ikramli’li’q temasi’nda ha`r tu`rli saxnali’q ko`rinislerde to`mendegi a`dep - ikramli’li’q normalari’, qa`deleri sa`wleleniwi kerek.

- u`lken–kishini hu`rmetlew;
- dosli’qqa sadi’q ko`z-qarasta boli’w;
- joldasli’q;
- ata-ana, jaqi’n tuwi’sqanlar, ustazlardi’qa`dirlew;
- ta`rtipsizlikke jol qoymaw ha`m.t.b.

A`sirese, baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’n sa`lemlesiw ma`deniyati’na u`yretiw u`lken a`hmiyetke iye.

«Assalawma a`leykum» so`zi, sizge «sizge saw-salamatli’q, ti’ni’shli’q, amanli’q tileymen» degen ma`nini an`latadi’.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’si’ u`yde ata-anasi’na ta`n`ir sa`lemin beriwden baslap, mektepte ustazlari’na, klasslaslari’na, qullasi’, ha`r bir jasi’u`lken adamg`a sa`lem beriw a`debin iyelegen boli’wi’ kerek.

Bunda sa`lemlesiwdin` de wo`zine ta`n ma`deniyati’ bar yekenligin to`mendegiler arqali’ tu`sindiriw kerek:

- yeki adam so`ylesip turg`anda, ga`pin bo`lip, sa`lem beriw a`depten yemesligi, sa`lem beriw ushi'n sa`wbet waqti'nan bosag`an waqi'tti' ku`tiw;

- awqatlani'p ati'rg`an payi'tta qol berip sa`lem beriw a`depten yemes yekenligi;

- jaqi'n adamlar ha`m tuwg`an-tuwi'sqanlar qushaqlasi'p ko`risiw;

A`sirese, tani'maytug`i'n adamlardi'n` menen qol ushi'n zordan berip, duri'sli' sa`lemlespew bul a`depten yemes yekenligin uqti'ri'w.

Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'na joqari'dag`i' si'yaqli' klasstan ti's islerdegi is-ilajlardi' jasi' u`lkenler, ustazlar ta`repinen wolarg`a is buyi'rg`anda «la`bbay», «haw», «yaxshi'», «maqul», «raxmet», «ma`rhamat» degen si'yaqli' so`zlerdi u`yretip bari'w za`ru`r.

Klasstan ti's ta`rbiyali'q isler arqali' baslawi'sh klass woqi'wshi'lardi' ku`ndelikli turmi'sqa ma`na`wiy ta`rbiyag`a u`yretiw lazi'm. Mine, usi'nday a`diwli wazi'ypani' atqari'w ushi'n baslawi'sh klass woqi'wshi'si' klass ja`ma`a`ti ha`m ayi'ri'm woqi'wshi'lardi'n` turmi'sta ha`r ta`repleme kirisip kete ali'w lazi'm.

Klasstan ti's islerdi «kesheler, ushi'rasi'wlar» wo`tkeriw, woni'n` tematikasi' da tu`rlishe boli'wi' kerek.

- ha`r qi'yli' miynet adamlari' menen ushi'rasi'w ha`m ma`nawiy ta`rbiyasi' temasi'nda sa`wbetlesiw;

-jazi'wshi' shayi'rlar menen ushi'rasi'w, a`dep-ikramli'q insani'yli'q pazi'yletler haqqi'nda wolardi'n` do`retiwshiligi menen tani'sti'ri'w;

-ilimpazlar menen ushi'rasi'w ha`m t.b.

Bunday klasstan ti's islerde a`lbette sol ushi'rasi'w wo`tkeretug`i'n klass woqi'wshi'lari', klass basshi'si' yaki do`gerek basshi'si' menen tu`rli mazmunda, ha`r tu`rli formada tayarli'q jumi'slari'n ko`redi. Bul haqqi'nda ilimpazlar to`mendegi pikirlerdi bildiredi:

«Ushi'rasi'w keshelerinin` mazmunli', yeste qalarli'q, ta`rbiyali'q mazmung`a bay boli'p wo`tiwinde xali'q pedagogikasi' u`lgilerinen paydalani'w u`lken a`hmiyetke iye. Mi'sali', ha`r qi'yli' saxnali'q ko`rinisler

tayarlaw, klasstan ti’s islerdi ali’p bari’wda ta`rbiyali’q sayaxatlardi’ sa`wbetlesiw tiykari’nda wo`tkeriwde wolardi’n` jas wo`zgeshelikleri yesapqa ali’ni’wi’ kerek».[8]

Klasstan ti’s ta`rbiyali’q jumi’slarda baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na tek teoriyali’q bilim berip qoymastan, woni’n` ma`na`wiy ta`rbiyasi’n qa`liplestiriw, aqi’li’y, fizikali’q rawajlani’wi’na woqi’wshi’lardi’n` ko`pshilik penen arlasi’wi’, wo`zin an`lawi’, wo`zine juwapkershilikti teren` seziniwi a`dep-ikramli’, sanali’ insanlar si’pati’nda qa`liplestiriw boli’p tabi’ladi’.

Bu`gingi ku`n pedagogikasi’nda ta`rbiya bari’si’n, processin to`mendegi ta`rtipte usi’nadi’:

– ani’q maqsetke qarati’lg`an ta`rbiya;

– ko`p ta`repli ta`rbiya;

– uzaq mu`ddetli process;

– sistemali’ process;

– yeki ta`replemeli baylani’s processii;

– qarama-qarsi’li’qlardan ibarat process.[9]

Klasstan ti’s ta`rbiyali’q jumi’slar arqali’baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ a`dep-ikramli’ qatnasti’n` ne yekenligin tu`sinedi, dosli’qqa ja`ma`a`t boli’p islewge, bir-birine adamgershilikli, kishipeyillik penen qatnas jasawg`a u`yrenedi.

---

[8] Safo Ochil. Mustaqillik ma`naviyati va tarbiya asoslari. –Toshkent, Uqituvchi, 1995, 12-bet.
[9] Hasanbaev J, Sariboev H, Niyozov G. Hasanbaeva O, Usmonboeva M. Pedagogika (O’uv qo’llanma) Toshkent, Fan, 2006, 66-bet.

## 2.4. Ta`rbiya procesinde ma`na`wiy tu`siniklerdi qa`liplestiriw jollari’

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na woqi’w, woqi’ti’w procesinen go`re klasstan ti’s ta`rbiyali’q jumi’slar arqali’ma`na`wiy ta`rbiya tu`siniklerin qa`liplestiriw wog`ada qolayli’.

Ha`r qi’yli’ klasstan ti’s ilajlarda xali’q pedagogikasi’ni’n` ta`rbiya usi’llari’ni’n` bir ko`rinisi milliy kiyimlerdi kiyiw, milliy kiyimlerde tu`rli xali’q u`rp-a`det da`stu`rlerin wondag`i’ sa`wlelengen ma`na`wiy ko`z – qaraslari’n baslawi’sh klass oqi’wshi’lari’ wo`z ten`leslerinin` na`zerine usi’ni’wi’ woqi’wshi’larda da, mug`allimlerde de jan`asha keypiyat, janlani’w payda yetedi. Sebebi ha`r qanday woqi’wshi’ zamanago`y kiyim menen birgelikte milliy kiyimlerdi pari’qlay biliw, wolardi’ kanday ta`rtipte kiyiw tu`sinigi – kiyiniw ma`deniyati’n, kiyiniw a`debi haqki’nda ug`i’mlardi’da qa`liplestiredi.

Uli’wma xali’q pedagogikasi’nda qaraqalpaq xalqi’ni’n` milliyligi, milliy ma`deniyati’, milliy psixologiyasi’ ko`zge ko`rinip turadi’. Sebebi xalqi’mi’z wo`z milliyligi boyi’nsha, aq kewilligi, miyman ku`tiw a`debi, miymandi’ atasi’nan da ulli’ sanap hu`rmetlewi, kishipeyilligi, ashi’q ju`zliligi, saqi’yli’g`i’ boyi’nsha ayri’mlani’p turadi’.

Bul haqqi’nda belgili pedagog-psixologlar wo`z miynetlerinde to`mendegishe pikirlerdi bayanlaydi’:

«Milliy xarakter wo`z ishine to`zimlilik si’patlari’n (wo`zin - wo`zi tuta biliw, jigerlilik) ha`m milliy g`a`rezsizlik si’patlari’n (pa`klik, intizamli’li’q, adamgershilik) qamti’ydi’.

Al, miynetke bolg`an a`debi (miynet su`ygishlik yaki jalqawli’q, juwapkershilik, juwapkersizlik), ha`r qi’yli’ buyi’mlarg`a bolg`an qatnas (azadali’q, salaqli’li’q, u`nemlilik, i’si’rapgershilik) ha`m de adamlardi’n`

wo`z-wo`zine bolg`an a`dep–ikramli’li’q qatnaslari’ si’yaqli’wo`zgesheliklerin de ko`rsetedi»[10]

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na klasstan ti’s isler arqali’ ma`na`wiy ta`rbiya beriwde biz ko`plegen ta`lim metodlari’nan paydalanami’z.

Mi’sali’: gu`rrin`lesiw, sa`wbetlesiw, ko`rkem shi’g`armalardi’xali’q do`retken fol`klorli’q shi’g`armalardag`i’xali’q do`retken awi’zeki fol`klorli’q mazmundag`i’ gu`rrin`lerdi talqi’law ha`m basqa da tu`rlerinen paydalani’wg`a boladi’. Bul arqali’ baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ wo`zin - wo`zi tuti’w yamasa a`depli minez – quli’q normalari’n tu`sinedi, bul boyi’nsha tu`sinikleri qa`liplesedi, sezimleri rawajlanadi’, wo`z is–ha`reketine baha beriw uqi’bi’ payda boladi’ ha`m bilimlerin a`meliyatta da paydalani’wg`a u`yrenedi.

Klasstan ti’s isler arqali’ ha`r qi’yli’ shi’ni’g`i’wlar, tapsi’rmalar arqali’ balalarda miynet etiw uqi’bi’, insani’yli’q pazi’yletler, ma`na`wiy tu`sinikler qa`liplesip baradi’. Bul ta`rbiya na`tiyjeleri arqali’ pedagog wo`z woqi’wshi’lari’n maqtap. Xoshametlep, wolarg`a berilgen wazi’ypalardi’ wori’nlawi’na qaray wo`z waqti’nda bahalap ta bari’w kerek.

Klasstan ti’s ta`rbiyali’q jumi’slarda xali’q pedagogikasi’ u`lgilerinen paydalang`an halda baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na ma`na`wiy ta`rbiyasi’n beriwde biz to`mendegishe bag`dari’n usi’nami’z:

– klasstan ti’s islerde, ha`yyiwlerde so`z yetilgen a`dep – ikramli’li’q tu`siniklerinen paydalani’w;

– naqi’l – maqallar;

– salt - da`stu`rler;

– xali’qli’q i’ri’mlar, inani’mlar;

– xali’q qosi’qlari’;

– yertekler;

– terme – tolg`awlar;

[10] Uzaqov G’., F’oziev E., Tojiev A. Oila etikasi va psixologiyasi. Toshkent, O’qituvchi, 1992.

– da`stanlar;

– an`i’z, a`psana, ra`wiyatlar, arqali’ha`m t.b.

A`dep–ikramli’li’q ma`deniyati’n a`sirese klasstan ti’s islerdi ali’p bari’wda baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ menen birgelikte ha`r qi’yli’ qa`nigeliklerde isleytug`i’n adamlar menen ushi’rasi’wlar ko`rinisinde wo`tkerilgen bayramlar, belgili sa`neler, wolarda jaqsi’ko`z–qarasti’ payda yetedi.

Klasstan ti’s isler menen birgelikte xali’q pedagogikasi’u`lgilerinen paydalani’w arqali’ baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` ma`na`wiy ta`rbiyasi’n qa`liplestiriwde mektepten ti’s islerde u`lken a`hmiyetke iye.

Mektepten ti’s isler – bul «Kadrlar tayarlawdi’n` milliy bag`darlamasi’» nda ko`rsetilgen bilimlendiriw tarawlari’ni’n` biri mektepten ti’s bilimlendiriw mekemeleri boli’p, wonda «Jas xudojnikler orayi’», «Ko`rkem wo`ner mektepleri», «Ko`rkem su`wretlew ha`m sport mektepleri» menen bir qatarda woqi’wshi’lar do`retpeler worayi’ndag`i’ do`gerekler boli’p tabi’ladi’.

Bul atap ko`rsetilgen mektepten ti’s bilimlendiriw mekemelerinde ha`r qi’yli’ do`gerekler, klublar islep, wolar woqi’wshi’lardi’n` sabaqtan ti’sqari’ waqi’tlari’da wo`zleri qi’zi’qqan do`gereklerge qatnasi’p, wonda wolar ha`m bilim u`yreniwge bag`darlanadi’.

Do`gereklerde teoriyali’q bilim beriw menen birge ta`lim - ta`rbiya isleri de ali’p bari’ladi’. Do`gereklerde shug`i’llani’w metodlari’, jumi’s ali’p bari’w formalari’ da ha`r qi’yli’ boladi’. Mi’sali’: a`meliy, ekskursiya, gu`rrin`lesiw, kinofil`mler ko`riw, konkurslar, viktorinalar, balalardi’n` qa`biletin rawajlandi’ratug`i’n woyi’nlar.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’n jari’slar ha`m kesheler arqali’milliy ta`rbiya tu`rlerine bag`darlap, ta`rbiyalap bari’w mu`mkin.

Konkurslardi’n` qi’zi’qli’, mazmunli’, teren` ta`rbiyali’q a`hmiyetke iye boli’p wo`tiwi ushi’n xali’q pedagogikasi’ u`lgileri: jumbaqlar, naqi’llar, termeler, xali’q qosi’qlari’, xali’q woyi’nlari’nan, da`stanlar ha`m an`i’z-

a`psanalardan, yerteklerdin` waqi’yalari’nan saxnali’q ko`rinisler retinde paydalani’wg`a boladi’.

Mi’sali’: 1. «Sa`lemlesiw a`debi» ko`rinisin saxnalasti’rg`anda adamlardi’n` sa`lemlesiw ma`deniyati’ to`mendegilerde ko`rinetug`i’nli’g`i’ baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` to`mendegi so`zleri, tayar tekstti yadlaw yamasa ani’q mazmuni’nan kelip shi’qqan halda saxnalasti’ri’w u`lken a`hmiyetke iye.

Ha`r bir g`anda arqali’oqi’wshi’jas a`wlad wo`z xalqi’ni’n` a`dep – ikramli’li’q qag`i’ydalari’n wo`zinde sonday sin`dirip ali’wi’ kerek.

Al, adamlar arasi’nda bolg`an waqi’tlarda ha`mme wog`an a`depliligi ushi’n hu`rmet ha`m izzet penen qarawi’na yerisiwi kerek. Bul haqqi’nda a`depnama sabaqli’g`i’nda ingliz ali’mi’ Jon Lebbonni’n` «a`dep –ikramli’li’q ja`rdeminde ha`tte ku`sh penen yerisiw mu`mkin» degen pikiri keltiriledi.

Mi’sali’: baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ «Sa`lemlesiw a`debi» boyi’nsha saxnali’q ko`riniste sa`lemlesiwde qa`te-kemshilikke jol qoyatug`i’n balalardi’ a`shkaralap, jasi’u`lkenlerge, ha`r bir adamg`a a`lpayi’m qatnasta boli’w, menmenlikke berilmew kerekligi haqqi’nda saxnali’q ko`rinislerde bayanlang`ani’ maqul boladi’. Wonda Quranda keltirilgen to`mendegi pikirlerdin` ha`r bir bo`legin, ha`r woqi’wshi’yadlap ko`pshilikke ayta, yaki ha`reketler arqali’ko`rsetse, woqi’wshi’lar yadi’nda uzaq qaladi’.

– ushi’rasqanda qaysi’birin`iz birinshi boli’p sa`lem bersen`iz, sol adam Ta`n`rige boysi’ni’wshi’dur;

– Sa`lemlesip ju`rin`ler, adamlarg`a awqat jegizin`le, Ta`n`ri buyi’rg`anday wo`z-ara dos boli’n`lar;

– «Sa`lem» Ta`n`rinin` jerdegi ismlerinin` biri, bir – birin`iz benen sa`lemlesip ju`rin`ler. Sebebi mo`min adamlar aldi’nan wo`tip barati’ri’p, wog`an sa`lem berse, olar da a`lik alsa.

Wolarg`a sa`lemdi yesletkeni ushi’n bir da`reje ko`p sawapqa yerisedi. Nabada a`lik almasa, ba`ribir wolardan jaqsi’raq ha`m abzali’raq zatlar, yag`ni’y perishteler a`lik aladi’.

– ulli’payg`ambari’mi’z qashan jas balalar aldi’nan wo`tip qalsa, wolardan aldi’n sa`lem berip wo`ter edi.

– ju`rip kiyati’rg`ang`a atli’, woti’rg`ang`a ju`rip kiyati’rg`an, ko`pshilikke azshi’li’q sa`lem bersin. Sa`lemdi a`lik alsa jaqsi’, almasa sa`lem beriwshige za`leli joq.[11]

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’nda ma`na`wiy ta`rbiya tu`siniklerin qa`liplestiriwde klasstan ti’s jumi’slarda, a`sirese, u`rp-a`detler de belgili a`hmiyetke iye.

Xali’q pedagogikasi’ dani’shpanli’g`i’, u`rp-a`det, da`stu`rler a`wladtan-a`wladqa wo`tiw bari’si’nda formasi’ boyi’nsha wo`zgerislerge ushi’raydi’, biraq wo`z mazmuni’, ta`rbiyali’q ta`sirin joytpastan, ha`zirgi ha`m kelesi a`wladlarg`a da xi’zmet yetedi.

Demek, xali’qli’q pedagogikani’aldi’n`g`i’ta`rbiyali’q ideyalar menen biriktiriw, ta`rbiyada qollani’lmaytug`i’n da`stu`rlerdi ji’ldan ji’lg`a janlandi’ri’p barati’rg`an zamanago`y jan`ali’klari’, wo`zgerisleri menen bayi’ti’w ja`miyetimiz ushi’n da wo`z unamli’ u`lesi tiyetug`i’n jaslardi’kamalg`a keltiriw, ta`rbiyalaw da`wirimizin` yen` a`hmiyetli mashqalalari’nan boli’p tabi’ladi’.

Ma`na`wiy ta`rbiya tu`siniklerin qa`liplestiriwde klasstan ti’s islerdi milliy u`rp-a`det, da`stu`rlerdi paydalani’p, woqi’wshi’lar wolardi’ saxnalasti’ri’lg`an ko`rinislerde beriwi, jari’s formasi’nda bir baslawi’sh klass penen yekinshisinin` bellesiwi de u`lken a`hmiyetke iye.

Baslawi’sh klass oqi’wshi’lari’wo`z klasi’ni’n` woqi’wshi’lari’ menen u`rp-a`det, da`stu`rlerdi klass basshi’si’, oqi’ti’wshi’lari’ni’n` basshi’li’g`i’nda tematikag`a bo`lip, ha`r qi’yli’saxnali’q ko`rinislerde janlandi’ri’p beriwi mu`mkin. Atap aytqanda, joqari’dag`i’atap wo`tkenimizdey, amanlasi’w, sa`lemlesw a`debi yamasa bir–birewge hu`rmet–izzet ko`rinisleri, miyman ku`tiw a`debi, wonda miyman ha`m mezban arasi’ndag`i’si’ylasi’qli’qari’m-qatnaslar, hu`rmet–itibar, miymandosli’q ma`deniyati’, qaraqalpaq milliy

[11] Qurbanov T. A`depnama, No`kis, Bilim, 1998

toylari’nda ha`mmenin` jabi’li’p xi’zmet yetiwi, sol toy ushi’n u`lesi, xi’zmet yetiwi, bir–birewge tati’w, kishipeytil ko`z-qaraslari’janli’ta`rizde woqi’wshi’larg`a rol si’pati’nda bo`listirilip, atqari’lsa, bul wo`z gezeginde wog`an tamashago`y boli’p ati’rg`an basqa woqi’wshi’lar ta`rbiyasi’nda da unamli’ta`repke wo`zgeriwinde keskin buri’li’slar boli’wi’mu`mkin. Usi’si’yaqli’qaraqalpaq xalqi’ni’n` bay ma`deniyati’, ruwxi’y turmi’si’nan, wo`mirinen derek beriwin, u`rp-a`det, da`stu`rler arqali’ woni’klasstan ti’s islerde wo`nimli paydalani’w arqali’ wo`sip kiyati’rg`an baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’n a`dep–ikramli’li’q, adamgershilik, insani’y pazi’yletlerge, bir-birewge degen teren hu`rmet-izzetke ta`rbiyalanadi’.

Xali’q pedagogikasi’u`lgileri arkali’ta`rbiyalawda, a`dep – ikramli’li’q ma`deniyati’ usi’llari’n payda yetiwdi klasstan ti’s ta`rbiyali’q jumi’slardi’n` biri bul - ta`rbiyali’q saat.

Ma`na`wiy ta`rbiya haqqi’nda tu`sinik beriwde baslawi’sh klasslardan baslap-aq woqi’wshi’lardi’n` jetik insanlar si’pati’nda ta`rbiyalani’wi’nda klass ta`rbiya saati’ni’n` tutqan worni’girewli. Barli’q ta`rbiyali’q islerdin` na`tiyjeli boli’wi’ klass ta`rbiya saatlari’ni’n` qanday da`rejede ali’p bari’li’wi’na baylani’sli’. Baslawi’sh klasslarda ali’p bari’latug`i’n ta`rbiya saatlari’ xali’q pedagogikasli’q ta`rbiya u`lgilerin basshi’li’qqa alsa ha`m de wolar menen bayi’ti’lsa woqi’wshi’larg`a da ta`rbiyali’q ta`siri sonshelli na`tiyjeli boladi’. Bunda baslawi’sh klassti’n` klass basshi’si’barli’q woqi’wshi’lari’ni’n` wo`zgesheliklerin bilip ali’wi’ kerek. Woni’n` ushi’n da`slep woqi’ti’wshi’ balalardi’n` jas wo`zgesheliklerine ta`n bir jeke woqi’wshi’wo`zgesheliklerin wo`zlestiriw kerek.

Klass ta`rbiya saatlari’ni’n` tematikasi’na da woqi’wshi’lardi’n` ma`na`wiy ta`rbiyasi’ menen tani’sti’ratug`i’n temalar kirgiziledi. Bunda xali’q pedagogikasi’u`gilerinin klasstan ti’s islerde paydalani’wda woni’n` mazmuni’ni’n` woqi’wshi’lar sanasi’na sa`ykes keliwi de yesapqa ali’ni’wi’ kerek. Mi’sali’: ta`rbiyali’q saatlarda da ma`na`wiy ta`rbiya temasi’ boyi’nsha tayarlang`an tema, bayanat tek qurg`aq tani’sti’ri’wshi’li’q

a`hmiyetke iye bolmay, xali’q pedagogikasi’ u`lgilerin woqi’wshi’lar wo`zleri u`yretip, izlenip ha`tteki yadlap kelip, bir–birine ayti’si’wi’ arqali’ bunda woqi’wshi’lar ma`na`wiy ta`rbiya mazmuni’ndag`i’ xali’qti’n` milliy qosi’qlari’, u`rp-a`det, da`stu`rleri menen tani’ssa, yekinshiden klasstan ti’s ta`rbiyali’q jumi’slardan biri muzeylerge sayaxat arqali’ xalqi’mi’zdi’n` milliy wo`zgesheligin wo`zinde ja`mlegen eksponatlardi’ wo`z ko`zleri menen ko`redi.

U`shinshiden, klasslas joldaslari’menen birge baslawi’sh woqi’wshi’lari’ usi’nday u`lgili islerge qatnasi’wi’ arqali’ ma`na`wiy ta`rbiyag`a, bir – birin hu`rmet yetiw, dosli’qqa ta`rbiyalanadi’.

Demek, ta`rbiya bari’si’nda ma`na`wiy ta`rbiya temasi’n wo`zinde ja`mlegen xali’q pedagogikasi’ni’n` a`hmiyetli roli woqi’wshi’lardi’n` sanasi’na ta`sir yetiwi ku`shi salmaqli’ bolg`an klasstan ti’s islerdi xali’q pedagogikasi’ni’n` bay u`lglerinen bari’nsha ko`birek ha`m mazmunli’, wo`z worni’nda paydalani’p bari’wda bu`gingi ku`n pedagogikasi’ni’n aldi’n`dag`i’ maqsetli wazi’ypalari’nan biri dep yesaplaymi’z.

Demek, baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’tiykari’nan xali’q pedagogikasi’ u`lgileri arqali’ ma`na`wiy ta`rbiya tu`siniklerin, bul boyi’nsha bilimlerin, ko`z-qaras ug`i’mlari’n da ken`eytip ha`m teren`lestirip baradi’.

# III BAP. BASLAWI’SH BÌLÌMLENDÌRÌWDE MÌLLÌY G`A`REZSÌZLÌK UG`I’MLARI’N QA`LÌPLESTÌRÌW USI’LLARI’

Woqi’ti’w ha`m ta`rbiya procesinde milliy g`a`rezsizlik tu`siniklerin qa`liplestiriw usi’llari’ bu`gingi ku`n woqi’ti’wshi’lari’na baylani’sli’.

Bilimlendiriw haqqi’ndag`i’ Ni’zam ha`m Kadrlardi’ tayarlawdi’n` milliy bag`darlamasi’nda Bilimlendiriw sistemasi’nda alg`a qoyg`an mashqalalar, wori’nlani’wi’ tiyis ma`seleler ashi’q ko`rsetilgen.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na ta`rbiya beriwdin` basli’ maqseti – bul ha`r bir insandi’ ha`r ta`repleme aqi’li’y jaqtan rawajlang`an insanlar yetip ta`rbiyalaw.

Al ha`r ta`repleme rawajlang`an insanlar degende deni saw, kushli, g`ayratli’, wo`z tuwi’li’p wo`sken yelin shi’n perzentlik ju`rek penen su`yetug`i’n, mehriban, u`lkenlerdi si’ylap, kishilerge izzet ko`rsetetug`i’n adamlardi’ tu`sinemiz.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’si’ sana-sezimi jag`i’nan mektepke shekemgi alg`an bilimlerine qarag`anda ko`birek bilim ha`m ta`rbiya ali’yaga i’layi’q imkaniyatlarg`a iye.

Sebebi woni’n` du`n`ya tani’mi’ wo`zi wo`sken sayi’n toli’si’p, jetilisip baradi’.

Sonli’qtan baslawi’sh klass woqi’ti’wshi’si’ usi’ klasstag`i’ balalar ushi’n klasslari’ joqari’lag`an sayi’n ta`rbiya beriw usi’llari’n quramalasti’ri’p, a`piwayi’dan quramali’g`a qaray wo`sirip bari’wi’na boladi’.

Ta`lim - ta`rbiya baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n` jasi’na sa`ykes tu`rde milliy wo`zgeshelikti, tilimizdi yesapqa ali’p xali’q pedagogikasi’ negizine quri’li’wi’ kerek.

## 3.1.Woqi’ti’w ha`m ta`rbiya procesinin` birligi

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’n woqi’ti’w ha`m ta`rbiya procesinde g`a`rezsizlik ideyasi’ negizinde rawajlandi’ri’w – baslawi’sh klass woqi’ti’wshi’si’nan talapshan`li’qti’, izleniwshilikti talap yetedi.

Woqi’wshi’ jaslardi’n` sanasi’nda milliy G`a`rezsizlik tu`siniklerin qa`liplestiriwde ayi’ri’m ilimpazlar to`mendegishe ko`z-qaraslardi’ bildiredi:

«Jaslardi’n` sanasi’nda milliy g`a`rezsizlik ideyasi’n qa`liplestiriwde xali’q da`stanlari’ni’n` tutqan worni’ a`hmiyetli. Sebebi wonda bala ta`rbiyalaw boyi’nsha ko`p ji’lli’q ta`jiriybeler wo`z worni’n tapqa`n. mine, usi’ ta`jiriybelerdi u`yrenip, woni’ ta`lim-ta`rbiya procesinde qollani’w – ha`zirgi waqi’tta aktual` ma`selelerden sanaladi’.

Yelimizde milliy g`a`rezsizlik ideyasi’, woni’n` tiykaolari’ ha`m tiykarg`i’ principleri, hu`kimetimiz ta`repinen islep shi’g`i’ldi’. Mine bul boyi’nsha barli’q woqi’w – ta`rbiya jumi’slari’nda sabaqlar wo`tilip, wo`zinin` unamli’ na`tiyjelerin bermekte».[12]

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ wo`z Watani’ni’n`, wo`z yelinin` ma`pin qorg`ag`an bati’rlardi’ biliwi kerek. Sebebi wolar milliy maqtani’shi’mi’z, xalqi’mi’zdi’n` ruwxi’y kelbeti.

A`sirese baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ menen birlikte wo`tkeriletug`i’n is ilajlarda woqi’ti’wshi’ni’n` sho`lkemlestiriwshilik uqi’bi’ menen xali’q bati’rlari’: «Alpami’s», «Tumaris», «Ma`spatsha», «SHa`r`yar», «Qoblan» si’yaqli’ da`stan qaharmanlari’ rolinde woqi’wshi’lardi’n` saxnag`a shi’g`i’wi’ bul ba`rsheni zawi’qlandi’radi’.

Birinshiden: woqi’wshi’ wo`z yelinin` ma`rt-bati’r insanlari’ menen tani’sadi’;

---

[12] Tilegenov A., Jumamuratova G.Jaslardi’ milliy g`a’rezsizlik ruwhi’nda ta’rbiyalawda xali’q da’stanlari’ni’n` ta’rbiyali’q u`lgilerinen paydalani’w// «Mug`allim ha’m u`zliksiz bilimlendiriw» jurn. №2, No`kis, 2007, 5-bet.

Yekinshiden: wolardi'n` yeldi qorg`aw boyi'nsha qaharmanli'q ha`reketlerine yelikleydi;

U`shinshiden: baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'nda milliy maqtani'sh sezimleri woyanadi'.

Xali'q bati'rlari'ni'n` qaharmanli'q ha`reketlerin ko`rsetetug`i'n is-ilajlardan 14-yanvar` «Watan qorg`awshi'lari'» ku`nine arnali'p wo`tkeriletug`i'n baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' arasi'nda wo`tkeriletug`i'n ilajlarda usi' bati'rlardi'n` kiyimleri, qural-saymanlari', baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'ni'n` ha`reketleri, qatnasi'nda sa`wlelense, bul woqi'wshi'lardi'n` yerten`gi ku`n qorg`awshi'lari' si'pati'nda ta`rbiyalani'wi'na tiykar boladi'.

Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n milliy g`a`rezsizlik ruwhi'nda ta`rbiyalaw islerin sabaq waqti'nda g`ana yemes, al sabaqtan ti'sqari' waqi'tlarda da a`melge asi'ri'wg`a boladi'.

Sabaqlardan ti'sqari' ha`r qi'yli' do`gerekler sho`lkemlestiriwge boladi'. A`sirese mekteplerde xali'q do`retiwshiligin u`yreniw do`geregin sho`lkemlestiriw maqsetke muwapi'q boladi'.

Biz pitkeriw qa`nigelik jumi'si'n wori'nlaw bari'si'nda ayi'ri'm aldi'n`g`i' qatarli' is ta`jiriybege iye baslawi'sh klass woqi'ti'wshi'lari'ni'n` woqi'ti'w ha`m ta`rbiya usi'llari'n u`yrendik ha`m woni' basshi'li'qqa aldi'q.

Xali'q bilimlendiriw bo`limine qarasli' №18 uli'wma bilim beriw mektebinde ko`p ji'lli'q is ta`jiriybege iye baslawi'sh klass woqi'ti'wshi'si' Za`wre Abdiniyazovani'n` II sherekte 2-klassqa wo`tken ta`rbiyali'q sabag`i' «O`zbekistan Respublikasi' Ma`mleketlik bayrag`i'» dep ataladi'.

Bul ta`rbiyali'q saatqa woqi'wshi'lardi'n` ata-analari' ha`m mekteptegi metodikali'q birlespelerdin` basshi'lari', direktordi'n` woqi'w isleri boyi'nsha, ruwhi'yli'q ha`m ag`arti'wshi'li'q isleri boyi'nsha wori'nbasarlari' mira`t yetilgen.

Woqi'wshi'lar da, woqi'ti'wshi' da bul sabaqqa baslawi'sh klass woqi'ti'wshi'si' kiris so`z so`ylep wo`z so`zinde 2 $^{J}$ klass woqi'wshi'lari'ni'n`

II sherektegi ta`rtibi, u`lgeriwi, sabaqqa qatnasi’, sabaqli’qlar menen ta`miyinleniwi, woqi’wshi’lardi’n` qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’ haqqi’nda qi’sqasha ha`m mazmunli’ yetip ayti’p berdi. Wol so`zinin` aqi’ri’nda bu`gingi sabaqti’n` O`zbekistan Respublikasi’ni’n` Ma`mleketlik bayrag`i’ haqqi’nda aytti’.

Klass bu`gingi wo`tiletug`i’n sabaq ushi’n ayri’qsha bezelgen. Prezident Ì.A.Karimovti’n` miynetleri wo`z aldi’na ko`rgizbe si’pati’nda qoyi’lg`an.

Sonday-aq O`zbekistan Respublikasi’ni’n` bayrag`i’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n` bayrag`i’n yeki woqi’wshi’ qoli’na ko`terip woqi’wshi’lardan bo`leklenip aldi’n`g`i’ qatarda tur.

Al bir woqi’wshi’ O`zbekistan Respublikasi’ni’n` gerbi tu`sirilgen u`lken model` ko`rinisli su`retti joqari’ ko`terip tur.

Woqi’wshi’lar O`zbekistan Respublikasi’ni’n` ha`m izinen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n` gimnlerin atqardi’. Son` 7 woqi’wshi’ ta`repinen bayraq to`mendegishe ta`riyplenedi:

1 woqi’wshi’: O`zbekistan Respublikasi’ni’n` Ma`mleketlik bayrag`i’ VII sessiyada 1991-ji’li’ 18-noyabr` ku`ni tasti’yi’qlandi’.

2 woqi’wshi’: -Bayraqtag`i’ jasi’l ren` –bul tirishilik mazmuni’ sa`wlelengen ma`n`gi aspan ha`m wo`mir belgisi. A`mir Temur babami’zdi’n` bayrag`i’ni’n` ren`i de jasi’l ren`de bolg`an.

3 woqi’wshi’: -Bayraqtag`i’ aq ren` – bul ti’ni’shli’q belgisi boli’p, ishki go`zzalli’qqa umti’li’w ti’msali’.

4 woqi’wshi’: - Jasi’l ren` – ta`biyatti’n` jan`alani’w belgisi. Wol ko`pshilik xali’qlarda nawqi’ranli’q u`mit ha`m shadli’q belgisi.

5 woqi’wshi’: - Qi’zi’l ren`ler – denemizde ag`i’p turg`an qan-tirishilik belgisi.

6 woqi’wshi’: - Yari’m ay tariyxi’y da`stu`rlerimizdin` belgisi yag`ni’y qolg`a kirgizgen G`a`rezsizligimiz ni’shani’.

7 woqi’wshi’: -Bayraqtag`i’ juldi’zlar 12 juldi’z tariyxi’y da`stu`rlerimiz, a`yyemgi quyash ji’lnamasi’nda «juldi’z ilimine» tiykar salg`an xali’q yekenligimizdi de bildiredi.

Bunnan son` woqi’wshi’lar ta`repinen O`zbekistan Respublikasi’ bayrag`i’ haqqi’nda qosi’qlar ko`rkemlep woqi’ldi’. Son` woqi’ti’wshi’ klass woqi’wshi’lari’n yeki toparg`a bo`lip O`zbekistan Respublikasi’ bayrag`i’n applikaciya usi’li’nda isley beriwi tapsi’rma si’pati’nda berdi.

Woqi’wshi’lar yeki toparg`a bo`linip, qollari’na qayshi’, jelim, ren`li qag`azlardi’ ali’p berilgen tapsi’rmani’ wori’nlawg`a kiristi. Belgili waqi’t arali’g`i’nda wolar tapsi’rmani’ wori’nlap boldi’.

Woqi’wshi’lar ta`repinen islengen applikaciyalardi’ ata-analari’ tamashaladi’ ha`m wo`z pikirlerin aytti’.

Demek, bul sabaqta baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ wo`zlerinin` qanday ma`mlekette jasap ati’rg`anli’g`i’n, bul ma`mlekettin` qanday ni’shanlari’ bar yekenligi menen yele de jaqi’ni’raq tani’sqanli’g`i’ ma`lim boldi’.

Ma`mleketlik milliy ni’shanlari’ni’n` ta`rbiyali’q, pedagogikali’q a`hmiyeti haqqi’nda ilimiy a`debiyatlarda to`mendegishe bayanlanadi’:

«Bilimlendiriw mekemelerinde milliy g`a`rezsizlik, puxarali’q ta`rbiyani’ sho`lkemlestiriw waqti’nda woqi’wshi’larg`a ma`mleketlik belgiler, wolardi’n` a`hmiyeti boyi’nsha mag`li’wmatlardi’ beriw, wolardi’n` sanasi’na ma`mleketlik ni’shanlardi’n` xali’q, millet ar-nami’si’, qa`dir-qi’mbati’ni’n` ti’msali’ yekenligi haqqi’ndag`i’ ideyalardi’ sin`diriw arqali’ woqi’wshi’larda wolarg`a bolg`an hu`rmet sezimin payda yetiw si’yaqli’ wazi’ypalardi’ wori’nlaw maqsetke muwapi’q boli’p sanaladi’.»[13]

---

[13] Hasanbaev J, Sariboev H, Niyozov G. Hasanbaeva O, Usmonboeva M. Pedagogika (Wquv qwllanma) Toshkent, Fan, 2006, 116-bet.

## 3.2. Ta`rbiya usi'llari'

Milliy g`a`rezsizlik ideyasi' mazmuni' boyi'nsha ko`plegen ta`rbiya tu`rlerin wo`z ishine aladi'.

Wolardan biri – watandi' su`yiwshilik. Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'nda watandi' su`yiwshilik sezimin qa`liplestiriwde a`piwayi' tu`sinikler yesaplang`an, sol woqi'wshi'ni'n` ati', familiyasi' kim yekenligi, yag`ni'y ata-anasi'ni'n` kim yekenligin seziniwi kerek. Sonday-aq millettin` qanday yekenligin, qaysi' ma`mlekette jasap ati'rg`anli'g`i' – bulardi'n` barli'g`i' di'qqat-itibardan shette qalmawi' kerek.

Watandi' su`yiwshilik –bul yen` da`slep ata-anasi'na, jaqi'nlari'na, usazlari'na, doslari'na bolg`an hu`rmet ha`m su`yispenshilikten baslanatug`i'nli'g`i'n woqi'wshi'larg`a uqti'ri'p, tu`sindirip bari'w kerek.

Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n milliy g`a`rezsizlik ruwhi'nda ta`rbiyalawda ata-babalari'mi'zdan miyras boli'p kiyati'rg`an miynet ta`rbiyasi' pedagogika iliminde u`lken a`hmiyetke iye.

Woqi'wshi' jaslardi' miynet ta`rbiyasi'na bag`darlaytug`i'n baslawi'sh klass sabaqli'qlari'nda ko`plep temalar berilgen. Miynetke ta`rbiyalawdi' a`melge asi'rmay turi'p ta`rbiyalaw bari'si'nda yengizip bari'w baslawi'sh klass woqi'ti'wshi'si'ni'n` sho`lkemlestiriwshilik qa`biletine de baylani'sli'.

Joqari'da atap wo`tilgen mekteptin` baslawi'sh klass woqi'ti'yashi'si' A.Qunnazarova 3-klass woqi'wshi'lari'na «Miynet tu`bi – ra`ha`t» temasi'n wo`tkende woni' saxnalasti'ri'lg`an sabaq tipinde wo`tti.

Saxnali'q ko`rinis «Bayli'q penen aqi'l» dep atali'p, wog`an ja`m 6 woqi'wshi' qatnasti'.

Birinshi woqi'wshi' qazaq xalqi'ni'n` an`i'zi'n woqi'p turdi', al qalg`an woqi'wshi'lar an`i'z mazmuni'na qaray wo`z rollerin atqardi'.

1-woqi'wshi': Bir g`arri'ni'n` to`rt balasi' boli'pti'. Bir ku`ni g`arri' balalari'n shaqi'ri'p ali'p bi'lay depti.

2-woqi’wshi’ (g`arri’ rolinde) –Men qartaydi’m. Birewin`nin` u`ydin` iyei bolatug`i’n waqti’n` keldi. Kimnin` aqi’li’ menen bayli’g`i’ bir-birne say bolsa, sol menin` bayli’g`i’ma iye boladi’.

Ha`r birin` mag`an bayli’qlari’n` menen aqi’llari’n`di’ ko`rsetin`ler.

3-woqi’wshi’ (tun`g`i’sh uli’) – (u`lken balasi’ hasi’l tasli’ ju`zigin alg`a sozi’p) –Mine menin` bayli’g`i’m. Kim bay bolsa, sol aqi’lli’!

1-woqi’wshi’: – Yekinshi uli’ hasi’l kiyimlerin kiyip shi’g`i’pti’.

3-woqi’wshi’ (yekinshi uli’) –Menin` bul tu`rimdi ko`rgenler bayli’g`i’m menen aqi’li’mni’n` aldi’nda bas iyedi.

1-woqi’wshi’: –U`shinshi uli’ yen` suli’w belbewin beline baylap:

5-woqi’wshi’ (U`shinshi uli’) –Bunday belbewdi usi’ waqi’tqa shekem hesh kim tag`i’p ko`rgen joq, bul menin` bayli’g`i’m.

2-woqi’wshi’ (g`arri’) – (A`kesi u`lken ullari’na basi’n shayqap qoyi’pti’ da, kishkene balasi’na qarap:)

–Sen nege u`ndemeysen`, so`yle! –depti.

6-woqi’wshi’ (kishkene uli’) –Mende hasi’l tasli’ ju`zik te, suli’w kiyim de, a`sheko`ylengen belbew de joq. Tek miynet ushi’n jarati’lg`an yeki qoli’m, jigerge toli’ ju`regim g`ana bar! –depti.

1-woqi’wshi’: – G`arri’g`a kishi balasi’ni’n` juwabi’ unaydi’. Wol wo`zinin` miyrasxori’ boladi’ dep, kishi uli’n ayti’pti’.

U`lken balalari’na inisinin` aytqani’nan shi’qpawdi’ wa`siyat yetip qaldi’ri’pti’.

Bunnan son` 3-klass woqi’wshi’lari’ arasi’na miynetke baylani’sli’ naqi’l-maqallar ayti’ldi’.

-«Miynettin` tu`bi-ra`ha`t»

«Miynettin` wo`zin tapqan,
Baxi’tti’n` ko`zin tabadi’»

«Yen`bek yetsen` yemersen`»

«Yerinshektin` yeki dosti’ bar,
Biri-uyqi’, biri-ku`lki»

«Yerinbegen yetikshi bolar»

«Yerinshekke is buyi’rsan`,
Wo`zin`e aqi’l u`yretedi» ha`m t.b.

Bul sabaqta woqi’wshi’lardi’n` qol miyneti menen islengen buyi’mlari’ ko`rgizbege qoyi’ldi’.

Woqi’wshi’lardi’n` ata-analari’, mektep mug`allimleri wolardi’ ko`zden wo`tkerip, baslawi’sh klass woki’ti’wshi’si’ni’n` woqi’wg`a, ja`miyetlik jumi’slarg`a qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’ artqanli’g`i’ haqqi’nda wo`z-ara sa`wbetlesti.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’n milliy g`a`rezsizlik ruwhi’nda ta`rbiyalawda tek sabaq procesi yemes, al klasstan ha`m mektepten ti’sqari’ bilim ha`m ta`rbiya procesinde milliy qa`diriyatlardan wo`nimli, duri’s paydalani’w da u`lken a`xmiyetke iye.

Bul haqqi’nda pedagogikali’q a`debiyatlarda to`mendegishe pikir ko`z-karaslar bildiriledi:

-«Sabaqtan ti’sqari’ ta`rbiyali’q is-ilajlardi’ a`melge asi’ri’wda mekteptegi ta`rbiyali’q isler boyi’nsha bir klassta wo`tkeriletug`i’n ilajlar, ma`wsimge say, turmi’s penen ti’g`i’z baylani’sli’li’g`i’, jas wo`zgesheliklerine sa`ykesligi, woqi’wshi’lardi’n` qa`lewine, talap ha`m qi’zi’g`i’wlari’ yesapqa ali’ng`an halda sho`lkemlestiriliwi menen a`hmiyetli»[14]

Haqi’yqati’nda da baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na woqi’ti’w ha`m ta`rbiya procesinde milliy g`a`rezsizlik tu`siniklerin qa`liplestiriwde klasstan ham mektepten ti’s ta`rbiyali’q jumi’slar u`lken a`hmiyetke iye.

A`sirese, baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’n ko`rkem shi’g`armalardi’ woqi’wg`a qi’zi’qti’ri’w, yerkin pikirley biliw qa`biletin qa`liplestiriw, sabaqta

---

[14] Qodirova M.Sinfdan va maktabdan tashqari ta`lim-tarbiya jarayonida milliy an`analardan foydalanish//Xalq t`alimi jurn. 2007 y, №4, 89-bet.

alg`an teoriyali’q bilimlerdi bekkemley biliw, xali’qti’n` milliy da`stu`r-u`rp-a`detleri menen tani’sti’ri’p bari’w xali’q awi’zeki materiallari’nan ta`rbiya qurali’ si’pati’nda paydalani’p bari’w talap yetiledi.

Ha`r qanday baslawi’sh klass woqi’ti’wshi’si’ klasstan ha`m mektepten ti’s ta`rbiyali’q jumi’s ali’p bari’wi’nda wonda klass woqi’wshi’lari’ni’n` barli’g`i’n ten`dey qatnasti’ri’wg`a yerisiw kerek.

Wo`tkerilip ati’rg`an keshe, yertelik, ko`rik-tan`lawlar woni’n` mazmun ha`m formasi’, maqset-wazi’ypalari’nan kelip shi’g`i’p, woqi’wshi’larg`a tapsi’rmalar beriledi.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ arasi’nda klasstan ti’s ta`rbiyali’q jumi’slardi’ ali’p bari’wda, wolardi’ milliy g`a`rezsizlik ruwhi’nda ta`rbiyalawda ekskursiya usi’li’ni’n` worni’ ayri’qsha.

Baslawi’sh klasslarda ekskursiya to`mendegi ta`rtipte wo`tkeriliwi mu`mkin:

1.Ekskursiya wo`tkeriiwden go`zlengen maqsetti aldi’nan belgilep ali’w;

2. Ekskursiya jo`nelisin belgilew (bunda baslawi’sh klass woqi’ti’wshi’si’ ekskursiya ob`ekti, ha`m wog`an bari’w joli’, rejesi menen tani’sti’radi’)

3. Ekskursiya wo`tkerilmesten aldi’n wog`an baylani’sli’ woqi’w materiallari’ni’n` mazmuni’n ta`kirarlap shi’g`i’w;

4. Ekskursiya waqti’nda kerek bolatug`i’n qurallardi’ ali’w;

5. Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ menen ekskursiyani’n` wo`tkeriliw ku`ni, maqseti, ta`rtibi haqqi’nda sa`wbetlesip ali’w;

6. Wo`tkeriletug`i’n ekskursiya boyi’nsha mektep ja`ma`ati, ata-analardi’ xabardar yetiw.

Ekskursiya payi’ti’nda woqi’wshi’lardi’n` jol ha`reketi qa`wipsizligin t.b. ta`miyinlew kerek boladi’.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’n milliy g`a`rezsizlik ruwhi’nda ta`rbiyalawda joqari’da atap wo`tkenimizdey muzeylerden ti’sqari’ ha`r qi’yli’

miynet ja`ma`a`tlerine mi'sali': baspaxanag`a, Respublikali'q kitapxanag`a, belgili sport zallari'na, teatrlarg`a, qi'yabanlarg`a, ta`biyat qushag`i'na, belgili adamlarg`a qoyi'lg`an yesteliklerge, yamasa ta`biyat qushag`i'na: da`r`ya, ko`l, taw, qum, tog`ay ha`m t.b. apari'w wolarda u`lken ta`sir qaldi'radi'. Wol woqi'wshi'lardi'n` yadi'nda uzaq saqlani'p qaladi'.

Mi'sali': yeger baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' ha`r qi'yli' miynet ja`ma`a`tlerine, ka`rxanalarg`a barsa, wolarda ha`r tu`rli ka`sip iyelerine, miynetke mu`na`sibetleri wo`zgeredi.

Ekskursiyadan son` baslawi'sh klass woqi'ti'wshi'si' woqi'wshi'lar menen sa`wbetlesiw sho`lkemlestiriwi kerek boladi'.

Mi'sali': baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' menen No`kis qalasi', paytaxt boylap ekskursiyada woqi'wshi'lar wo`zlerine qi'zi'qli' bolg`an ko`p na`rseler menen tani'si'w mumkinshiligine iye boladi'.

Woqi'ti'wshi' woqi'wshi'larg`a to`mendegi mazmunda sorawlardi' berip, wolardi'n` qi'zi'g`i'wshi'li'g`i'n, bilimlerin ja`ne toli'qti'ri'wi' mu`mkin:

– Woqi'wshi'lar sizler qanday Respublikada jasap ati'rsi'z?

– Qaraqalpaqstan Respublikasi'.

– Paytaxti'mi'zdi'n` ati' qalay ataladi'?

– No`kis qalasi'.

– G`a`rezsizlik maydani' ne ushi'n bulay atalg`an?

– 1991-ji'li' 1-sentyabr`de O`zbekistan Respublikasi' wo`z g`a`rezsizligin belgilep, bul ku`ndi «G`a`rezsizlik ku`ni» dep belgileymiz.

– Qaraqalpaq milliy teatri'ni'n` aldi'nda xali'q sazlari' teatri'ni'n` aldi'nda kimnin` yesteligi wornati'lg`an:

– Berdaq G`arg`abay uli'ni'n`.

– Berdaq kim?

– Wol xalqi'mi'zdi'n` belgili shayi'ri'.

– Bizler qala boylap sayaxati'mi'zda qanday ko`shelerden ju`rip wo`ttik, wolardan ayi'ri'mlari' G`a`rezsizlik ushi'n gu`resken bati'rlardi'n`, belgili adamlardi'n` ati'na qoyi'lg`an.

– Yernazar alako`z ko`shesi;

– A. Dosnazarov ko`shesi ha`m t.b.

Baslawi'sh klass mug`allimi woqi'wshi'lar menen ekskursiyadan son` usi' si'yaqli' jen`il ha`m qi'zi'qli' soraw-juwap sho`lkemlestirip, woqi'wshi'lardi'n` pikirlerin de an`lawi' kerek, wolardi' toli'qti'ri'p bari'wi' kerek.

Mi'sali': Berdaq – qaraqalpaq xalqi'ni'n` belgili shayi'ri'. Woni'n` ko`p g`ana teren` mazmunli' qosi'qlari' bar.

Mi'sali':

Altaqlama, taltaqlama,
Birew urdi' dep ji'lama,
Ash bolaman dep woylama,
Jigerli bol jastan balam.

Wo`shin`di al, dushpani'n`nan,
Ku`shin`di ji'yna jasi'n`nan,
Xalqi'n` qalmasi'n qasi'n`nan,
Kishipeyil bol jastan balam.

Berdaq shayi'r menen birge zamanlas Ku`nxoja, A`jiniyaz shayi'rlar da jasap wo`tken. Wolar bizin` xalqi'mi'zdi'n` milliy maqtani'shlari' t.b. si'yaqli' mag`li'wmatlar menen baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n tani'sti'ri'p bari'w kerek. Bul arqali' wolarda milliy maqtani'sh sezimleri woyanadi'.

Baslawi'sh klass woqi'ti'wshi'si' woqi'wshi'lardi'n` wo`z u`stinde izleniwi ushi'n ekskursiya sabaqlari'nan keyin woqi'wshi'larg`a woqi'w procesinde paydalani'w ushi'n bukletler, al`bomlar islew ushi'n to`mendegishe tapsi'rmalar beriwine boladi':

1. Wo`z ko`zi menen tamashalag`an, qaladag`i' yesteliklerdin` su`wretleri;

2. Qaladag`i' G`a`rezsizlik ji'llari'nda tiklengen imaratlar, binalar;

3. Qala xalqi' jasap ha`m miynet yetip ati'rg`an turaq jay, mekemelerdin` t.b. su`wretlerin gazeta-jurnallarda toplap ali'p kelip, «Men tuwi'lg`an qala» yamasa «Menin` paytaxti'm» atamasi'nda stend, buklet, al`bom jumi'si'n islew kerekligi woqi'wshi'larg`a tapsi'rma si'pati'nda beriledi.

Wolar jeke woqi'wshi'lar ta`repinen islenbey, al ja`ma`a`t boli'p wori'nlani'p, woqi'ti'wshi'lar ta`repinen sabaq woqi'ti'w bari'si'nda paydalansa wog`ada maqsetke muwapi'q is boladi'.

A`sirese baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' ha`r qi'yli' bayramlarg`a arnalg`an ko`rgizbelerge, is-ilajlarg`a birgelikte ja`ma`a`t boli'p qatnasi'wi', wolarda awi'zbirshilik, tati'wli'q sezimlerin qa`liplestiredi.

Sonday-aq Nawri'z bayrami'na baylani'sli' saxnali'q ko`rinislerde, tag`am seyillerinde, milliy kiyimler boyi'nsha ko`rgizbelerde, milliy u`rp-a`det da`stu`rler boyi'nsha i'qsham ha`m kishi ko`lemli saxnali'q ko`rinisler sho`lkemlestiriw – baslawi'sh klassti'n` woqi'ti'wshi'si'ni'n` pedagogikali'q sheberlik ha`m sho`lkemlestiriwshilik uqi'pli'li'g`i'na baylani'sli' boladi'.

Woqi'ti'w ha`m ta`rbiya procesinde baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'na milliy g`a`rezsizlik tu`siniklerin qa`liplestiriw usi'llari'ni'n` pedagogikali'q ta`repleri yele de teren`irek u`yreniliwi, aldi'n`g`i' is ta`jiriybeli pedagoglardi'n` is usi'llari' basshi'li'qqa ali'ni'wi' kerek dep yesaplaymi'z.

# JUWMAQ

Milletimizdin`, xalqi'mi'zdi'n` keleshegi, yerten`gi ku`ni ta`lim ha`m ta`rbiya ma`seleleri menen tikkeley baylani'sli'.

Respublikami'zda Bilimlendiriw tarawi'nda milliy G`a`rezsizligimizdi bekkemlew, ken` huqi'qli' ma`mleket quri'w si'yaqli' a`hmiyetli ma`selelerdin` iske asi'ri'li'wi' – bul birinshi na`wbette, woqi'ti'wshi'lardi'n` miyneti, uqi'bi', ha`reketleri menen baylani'sli'.

G`a`rezsizlikke yeriskennen son` ju`zege kelgen milliy tikleniw ha`m rawajlani'w jag`dayi'nda jaslardi' milliy qa`diriyatlar ruwhi'nda ta`rbiyalaw u`lken a`hmiyetke iye bolmaqta.

Bul jo`nelis bu`gingi ku`nnin` talaplari'nan kelip shi'g`i'p, uli'wma insani'yli'q ha`m mlliy qa`diriyatlar tiykari'nda a`melge asi'ri'li'wi' kerek. Xalqi'mi'zdi'n` ruwhi'y miyraslari', milliy qa`driyatlari' pedagogikali'q ta`rbiya qurali' si'pati'nda wo`z worni'n iyelep ali'wi' tiyis.

Bizin` pitkeriw qa`nigelik jumi'si'mi'zdi'n` temasi': «Baslawi'sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriwdin` a`hmiyetli ma`seleleri» dep ataladi'.

Jumi'sti'n` kirisiw bo`liminde bu`gingi ku`nde G`a`rezsizlik jag`dayi'nda ja`miyetimizdegi Bilimlendiriw sistemasi', Kadrlar tayarlawdi'n` milliy bag`darlamasi' tiykari'nda a`melge asi'ri'i'p ati'rg`an ilajlar, uli'wma worta bilim beretug`i'n mekteplerde ha`m baslawi'sh klasslarda «Milliy g`a`rezsizlik ideyasi'» sabag`i'ni'n` pa`n si'pati'nda wo`tiliwi, bul boyi'nsha pedagog ilimpazlardi'n` ilimiy pikir, ko`z-qaraslari' bayanlandi'.

Pitkeriw qa`nigelik jumi'si'ni'n` I babi' «Baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'nda milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriwdin` pedagogikali'q a`hmiyeti» dep ataladi'.

Bul bapta baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'na bilim beriwde, wolardi' watan su`yiwshilikke, a`dep-ikramli'li'q pazi'yletlerine, miynet su`yiwshilikke, insani'yli'qqa ta`rbiyalawda ka`mil insanlar si'pati'nda

qa`liplestiriwde milliy u`rp-a`det da`stu`rlerdin`, milliy qa`diriyatlardi'n` roli haqqi'nda so`z yetildi.

II bap «Baslawi'sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriwde ta`rbiya derekleri» dep ataladi'.

Mektep ha`m de shan`araq jas a`wlad ta`rbiyasi'nda ten`dey juwapker. Sonli'qtan ata-analar wo`z ul-qi'zlari'ni'n` mekteptegi woqi'w procesinen xabardar boli'wi', pedagoglar menen ti'g`i'z baylani'sta boli'wi', jaqsi' na`tiyjelerge yerisiwge tiykar boladi'.

A`sirese son`g`i' ji'llarda Bilimlendiriw tarawi'nda mektepte pedagoglardi'n` ata-analar menen birge islesiwinde, ko`p g`ana wo`zgerisler, jan`asha bag`i'tlar ju`zege kelmekte.

Bul bapta baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'na ti'yanaqli' bilim ha`m mazmunli' ta`rbiya beriwde ata-analardi'n` mektep penen baylani'si'n bekkemlewde:

- ta`rbiyali'q saatlarg`a qatnasi'wi'n ta`miyinlew;

- ha`r qi'yli' is-ilajlarg`a mira`t yetiliwi;

- klasstan ti's, mektepten ti's ekskursiyalardan ata-analardi'n` xabari' boli'wi';

- ata-analar ji'ynali'si'nda baslawi'sh klass woqi'wshi'lari' menen ta`rbiya temasi'nda disputlardi'n` sho`lkemlestiriliwi maqsetke muwapi'q is dep yesaplaymi'z.

III bap «Baslawi'sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i'mlari'n qa`liplestiriw usi'llari'» dep atali'p, bul bapta baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'na sabaqli'qlardan wo`z pa`ni boyi'nsha bilim beriw bari'si'nda milliy qa`diriyatlarg`a, xali'qti'n` milliy sana-sezimin yesapqa ali'w kerekligi atap wo`tildi.

Al ta`rbiya procesinde, a`sirese klasstan ha`m mektepten ti'sqari' waqi'tlarda baslawi'sh klass woqi'wshi'lari'n milliy u`rp-a`det da`stu`rler arqali':

- miynet su`yiwshilikke;

- joqari’ adamgershilik, insani’yli’q pazi’yletler;

- ekonomikali’q ha`m estetikali’q ma`deniyatli’li’qti’ qa`liplestiriw ha`m basqa da ta`rbiya tu`rlerin beriwde bir neshe ta`jiriybeli pedagoglardi’n` jan`asha, aldi’n`g`i’ is-ta`jriybe, woqi’ti’w ha`m ta`rbiya beriw usi’llari’ basshi’li’qqa ali’ndi’.

Juwmaqlap aytqanda, jas a`wlad – bul xalqi’mi’zdi’n` milliy qa`diriyatlari’na sadi’q ul-qi’zlar si’pati’nda ta`rbiyalaw isleri, pedaoglardi’n` is-usi’llari’ yele de teren`irek, ha`r ta`repleme jetilistiriliwi kerek dep yesaplaymi’z.

## PAYDALANG`AN A`DEBÌYATLAR


1.Karimov Ì.A. «Ìlmu Fan mamlakat taraqqiyotiga xizmat qilsin»// Ma`rifat gazetasi, 1996 yil, 13-iyul`.

2. Karimov Ì.A. Ìstiqlol va ma`naviyat. Toshkent, «Uzbekiston», 1994.

3. Karimov Ì.A. «Donishmand xalqimning mustahkam irodasiga ishonaman»// «Fidokor» gazetasi, 2000 yil, iyun`

4. Azarov Yu.T. Semeynaya pedagogika. Moskva. Izd. Politicheskoy literaturi’. 1985.

5. Azizxo’jaeva N.N. Pedagogik mahorat va pedagogik texnologiya. Toshkent, 2002 yil.

6. Jumaboev Y. Hayot mazmuni va komil inson muammosi. Toshkent, «Fan», 1997 yil.

7. Ibrohimov A, Sultonv K, Jwraev N. Vatan tuyg`usi. Toshkent, «O’zbekiston» 1996 yil.

8. Munavvarova A.K. Pedagogika. Toshkent, 1996.

9. Musurmanova O. Uqituvchilarning ma`naviy madaniyatini shakllantirish. Toshkent, 1993.

10. Juraev R. Orzular ruyobi. /Kadrlar tayyorlash miliy dasturi: Birinchi bosqich haqida uylar.) Toshkent, 2011.

11. Zaynitdinov N.Zaynitdinova M. Sinf rahbarining tarbiyaviy ishlar daftari. Toshkent, 2007 yil.

12. Ìnomova M. Oilada bolalarning ma`naviy ahloqiy tarbiyasi. Toshkent, 1999 y, 5-bet.

13. Ìbragimova G. Oliy ta`lim tizimida milliy istiqlol g`oyasining shakllanishi. Xalq ta`limi» jurnali, 2002 yil, №1 son, 15-bet.

14. Qodirova M. Sinfdan va maktabdan tashqari ta`lim-tarbiya jarayonida milliy an`analardan foydalanish//Xalq ta`limi jurn. 2007 y, №4, 89-bet.

15. Qurbanov T. A`depnama, No`kis, Bilim, 1998.

16. Milliy g`a`rezsizlik ideyasi’ ha`m ruwxi’yli’q tiykarlari’. Toshkent, Ma`naviyat, 2007.

17. «Milliy g`arezsizlik ideyasi’» temasi’n u`yreniw boyi’nsha metodikali’q usi’ni’slar. No`kis, 2004-ji’l.

18. Rayimjonov E. Bastaui’sh klasstardag`i’ en`bekke baylau sabag`i’. Almati’, Mektep, 1983.

19. Roziqov O. Didaktika (Darslik), -Toshkent, «Fan», 1997.

20. Tilegenov A., Jumamuratova G.Jaslardi’ milliy g`a`rezsizlik ruwhi’nda ta`rbiyalawda xali’q da`stanlari’ni’n` ta`rbiyali’q u`lgilerinen paydalani’w// «Mug`allim ha`m u`zliksiz bilimlendiriw» jurn. №2, No`kis, 2007, 5-bet.

21. Hasanbaev J, Sariboev H, Niyozov G. Hasanbaeva O, Usmonboeva M. Pedagogika (O’quv qo’llanma) Toshkent, Fan, 2006, 104-108-bet.

22. Safo Ochil. Mustaqillik ma`naviyati va tarbiya asoslari. –Toshkent, Uqituvchi, 1995.

23. G`ozieva E. Pedagogika psixologiya asoslari. Toshkent, 1997.

24. Uzaqov G’., F’oziev E., Tojiev A. Oila etikasi va psixologiyasi. Toshkent, O’qituvchi, 1992.

25. Xudayqulov J, Qunduzova N.R. Tarbiyaviy ishlar metodikasi (wquv – uslubiy qo’llanma) Toshkent, 2007.

26. I-IV klass woqi’wshi’lari’ menen ju`rgiziletug`i’n ta`rbiya jumi’slari’. No`kis, Qaraqalpaqstan, 1965.

## Mazmuni’

Jumi’sti’n` uli’wma si’patlamasi’.......................................................................
Kirisiw.............................................................................................................
I bap. Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’nda milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriwdin` pedagogikali’q a`hmiyeti. .....................................................
1.1. G`a`rezsizlik ruwhi’ tu`sinigi.........................................................................
1.2. Pedagogikali’q a`debiyatlarda milliy g`a`rezsizlik ta`rbiyasi’ haqqi’nda.
II bap. Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriwde ta`rbiya derekleri. ........................................................................
2.1.Mekteptin` tutqan worni’..........................................................................
2.2. Shan`araq ta`rbiyasi’ni’n` a`hmiyeti.............................................................
2.3. Woqi’wshi’larda ma`na`wiy ta`rbiyasi’n qa`liplestiriwde klasstan ti’s ta`rbiyali’q jumi’slar..........................................................................................
2.4. Ta`rbiya procesinde ma`na`wiy tu`siniklerdi qa`liplestiriw jollari’..............
III bap. Baslawi’sh bilimlendiriwde milliy g`a`rezsizlik ug`i’mlari’n qa`liplestiriw usi’llari’...........................................................................................
3.1.Woqi’ti’w ha`m ta`rbiya procesinin` birligi.....................................................
3.2. Ta`rbiya usi’llari’............................................................................................
Juwmaq………………………………………………………………………..
Paydalang`an a`debiyatlar…………………………………………………….